ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№69 (23.727) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий накъыгъэм и 31-м яхуэзащ щIэуэ къыззрагъэпэщыжа Правительствэм хэтхэм

Щ1ыналъэм и Iэтащхьэм къыззэуэсахэм я пщэ ирилъхьащ гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я зэхэлъыкIэр зэхъуэкIыным теухуа къызэгъэпэщыныгъэ лэжьыгъэр кIыхьилIыхь ямыщIыну, къапэщыт зи чэзу Iуэхуэр зэщIэгъэуэIуауэ ирагъэкIуэкIыну, дэтхэнэ IэнатIэми жэуапльныныгъэр къыщаIэтыну.

КъБР-м и Правительствэм и къарур хуэзэщIигъэуIуэн хуейщ Урысейм и Президент Путин В. В. мы гъэм и накъыгъэм къыдигъэкIа Указыр гъэзэщIэным, социально-экономикэ зыужьныныгъэр щIэгъэхуэбжьэным, инвестицэкэр къыззэщIэгъэуIуэныкIэ хэкIыпIэ тэмэмкэр зэтеГъэувэным, нэгъуэщIхэми.

«Дэ къыгъэщыт къалэнхэр куэд мэхъу икIи ахэр тыншкъым. Абы къыхэкIыу зэманышхуи диIэкъым. АдэкIэ дэ къытпащытщ жэуапльныгъэ ин зыпылъ Iуэхуэр», - къыхигъэщхьэхуакIащ КIуэкIуэ Юрий.

Щ1эуэ Правительствэм хагъэхьащ яхуэгъэзауэ щ1ыналъэм и унафэщIым жиIащ: «Къэрал къулыкъур щ1ыхуэм я фIыгъуэм телъжьэным тещ1ыхьащ. Дэрэкъым щ1ыхуэр зыхуэлажьэр, дэ абыхэм дахуэлажьэу араща».

Гулъытэ хэха хуащIащ властым и лэжьыгъэр зэIухауэ эзтегъэувэным, абы къищтэ унафэхэм я сэбэпныгъэр жылагъуэ кIэльыплъныныгъэм щIэгъэувэным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэр IущIащ республикэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ къэкIуа Акчурин Ренат

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хуэзащ лэжьыгъэ Iуэхукlэ ди республикэм къэкIуа Акчурин Ренат - Урысейм Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и академикым, Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Кардиологиемкlэ лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ центр» федеральнэ къэрал Iуэхущ1анIэм и генеральнэ директорым.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и медицинэ Iуэхущ1анIэхэм иджырей технологиехэр къыщыгъэсэбэпыным пылъа Iуэхуэхэм. Налшык къалэм щIэ Кардиологие центрым Акчурин Р. С. и нэIэм щIэту 2015 гъэм ангиографиемкIэ пэш къыщыззIуахащ. Абы и фIыщIэкIэ нэрылъагъуу ефIэкIуащ гу-лъынтхуэ узхэр зэрызэхагъэкIымрэ ахэр зэрагъэхъужымрэ. Апхуэдэу ди деж иджы гум екIуалIэ лъынтхуэхэм стентхэр щралъхьэу, электрокардиостимулятархэр къыщагъэсэбэпу щ1адзащ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм щ1эзохалъхьэжа бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, гу-лъынтхуэ узхэм республикэм щ1ыщу илыкIхэм я бжыгъэм процент 13-м нэблагъэкIэ кIэрыхуащ.

Акчурин Ренат дуней псом къыщащIыху дохутырщ. Псом хуэмыдэу ар хуэIэкIуэлъакIуэщ лъынтхуэхэр гъэхъужыныным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр «Эльбрус» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал тхылъ тедзапIэр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ абы и лэжьакIуэхэм ЗЭРЕХЬУЭХЬУР

«Эльбрус» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэм си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу махуэ лъапIэмкIэ - Iуэхущ1апIэр къызэрызэрагъэпащрэ илъэс 90 зэрырикъумкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэр зэфIэувэныкIэ, абы зиужьныныкIэ къалэнышхуэ игъэзэщIащ тхылъ тедзапIэм. Абы и къызэгъэпэщыным пылъащ яп адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэр къуэнэхуныр, ахэр утыку кьихьэныр. Мыращ къыщыдэкIар лъэпкъ литературэхэм я лъабжьэхэр зыгъэтIылъахэу, иужькIэ классик хъуахэу ПащIэ Бэчмырзэ, Мечиев Кязим, Щоджэнц1ыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я Iэдакъэщ1экIхэр, абыхэм я ужькIэ республикэм къыщыунэхуащ псалъэр Iэзэу зыгъэшэрыуэ цIыху зэчиифIэ куэд.

Нобэ тхылъ тедзапIэр щытщ жылагъуэ-политикэ, художественнэ, щIэныгъэ гупсысэхэр гъащIэм хэзыхьэ Iэмэпсымэу. Илъэсипщ1 блэкIахэм абы дунейм къытригъэхьащ егъэджэныгъэ-методикэ, щIэныгъэ, лъахэдж, художественнэ, сабий литературэ пщ1ы бжыгъэхэр. ЦIыху куэдым гунэс ящ1ыхьащ, цIэрыIуэ хъуащ тхылъ сериехэу: «Адыгэ тхыдэ сериер», «Балъкъэр тхыдэ серие», «Ди лъахэгъу цIэрыIуэхэр», «Гъащ1эмрэ творчествэмрэ», «Къэбэрдей-Балъкъэрым узыщрихьэлIэ псэущхьэхэр». А къыдэкIыгъуэхэми нэгъуэщIхэми щ1ызэхъуэхьащ, хъумаи щохъу ди лъэпкъхэм я псэкупсэ къулеигъэр.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэм узыншагъэ быдэ, зэIуэзэпэщыгъэ, творческэ ехьулIэныгъэщIэхэр яIэну сохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий.

Светоч разума

Гора счастья – так переводится кабардинское название Эльбруса - Ошхамахо. Символично, что оно стало названием национального книжного издательства, и это как нельзя лучше подходит ему, ибо мудрость, излучаемое его книгами, озаряет читателей. Созданием в Кабардино-Балкарии книжного издательства осуществилась извечная мечта лучших представителей народа «о светоче разума». Если мы от прошлых поколений унаследовали мечту о просвещении, то будущие поколения унаследуют от нас книги, которые сделали нашими современниками мыслителей и писателей всех эпох, стерев между ними временное пространство.

Алим КЕШОКОВ.
1978 гъэ

«КIыщ» лъэщ

Ди гуапэу дохъуэхъу зи илъэс 90 ныбжьыр зыгъэлъапIэ ди къэрал тхылъ тедзапIэ закъуэм. «Эльбрус»-р, щэч хэмылъу, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм я Iэдакъэщ1экIхэр къыщыщ1аIуэ «кIыщщи», ар зэи гуькIэнщэ мыхъуну, мафIэр щымыжьыхьыну, гъущIыр щымыупщIыIуну ди гуапэщ. Зэман гугъуэм фи къарур щымыхьыу, фи лъэр щ1эзыгъэкIын насыпрэ гуфIэгъуэрэ фиIэу куэдрэ, куэдрэ Тхьэм фигъэлажьэ. Гъагъэ, efIакIуэ, «Эльбрус»!

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.

Тхылъ тедзапIэм и лэжьыгъэм, нобэ иIэ ехьулIэныгъэхэм, абы хуэгъэза хуэхъуэхэм, нэгъуэщIхэми фыкъыщеджэ ди нобэрей къыдэкIыгъуэм и 3 - 4-нэ напэкIуэцIхэм.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм - мэкъуауэгъуэм и 1-м - КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий яIущIащ зи зэфIэкIкIэ, хьэлэщэнкIэ щапхъэ зыгъэлъэгъуэхэм ящыщ ныбжьыщIэ 17-м.

ЗэфIэкI нэрылъагъу

● Дыгуасэ

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым, я мурадхэм зыщигъэгъуазэмэ и гуапэу Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм ахэр къызэрыригъэблэгъар.

- Ди зэIущIэм къырихьэлIахэм яхэтщ предмет зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ екIуэкI олимпиадэхэм текIуэныгъэ къыщызыхьахэр. Псалъэм папщIэ, Бещто Елдар илъэсищкIэ зэкIэлъхьэужьу школакIуэхэм нэмыцэбзэмкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэм пашэ щ1ыхъуащ, Шен Эрик 2017, 2018 гъэхэм обществознаниемкIэ екIуэкIа урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм къыщыхэжаныкIащ, Айбазов Павел ОБЖ-мкIэ, правэмрэ тхыдэмкIэ урысейпсо олимпиадэм и щ1ыналъэ Iыхьэм щытекIуащ, - жиIащ КIуэкIуэм. Зорыфщ1эщи, ди школакIуэхэр иужьрей илъэсхэм жыжьэру хэтщ «Iущ1эмрэ Iущ1ыцIэмрэ» олимпиадэм. Апхуэдэу ди гуапэ мыхъуу къэнакъым а зэпеуэм Уэлджыр Даянэрэ Мусукаев Ахъмэтрэ текIуэныгъэ зэхъэрыщ1ахьар. Абыхэм иджы Iэмал яIэщ Къэрал зэхущытыкIэхэмкIэ Москва дэт институтым щIэныгъэ щ1ызэгъэзэгъэуэну. Ар ехьулIэныгъэшхуэу къызолъытэ. Мырзэ Ренат ЦIыхубэ технологиехэмкIэ урысейпсо олимпиадэм пашэ щ1ыхъуахэм ящ1ыщ1. Молей Аидэ, Тамбий Елизаветэ, Мэремыкъуэ Мухьэмэд сымэ Урысейпсо щIэныгъэинженер зэхьэзэхуэхэм текIуэныгъэхэр къыщ1ахьащ, ахъшэ саугъэтхэр къыщыхуагъэфэщащ. Фигу къэзгъэкIыжьынщ, сабийхэмрэ щ1алэгъуалэмрэ шахматым хуэгъэсэным зэрызедгъэуэжьымкIэ Урысейм щ1ыпашэ щ1ыналъэплIым Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ. Тэрч къалэм и курыт еджапIэ №2-м щ1эс Журт Камилэ хэтащ икIи къыщ1ыхжаныкIащ илъэс 17-м нэс зи ныбжь хъыджэбз щ1ыкIуэхэр шахматымкIэ щ1ызэпеуа, КИФЩI-м пашэныгъэр къыщ1ыхьыным теухуа зэхьэзэхуэм. Дэ диIэщ пъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэ ныбжьыщIэхэр, абыхэм яхэтщ Гъазджэмэз щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIын щ1ызыдзэкIри. Абы и лъэныкъуэкIэ дрогушхуэ «Голос. Дети» урысей зэпеуэм екъуIэныгъэшхуэ щ1ызыIэрызыгъэхьа Хекилаевэ Денизэ. «ЕгъэджакIуэ-еджакIуэ» зэхьэзэхуэ зэIухам и саугъэт нэхъыщхьэр къыхьащ Налшык къалэм и курыт школ №32-м и ещанэ классым щ1эс Устиновэ Алия. Щоджэнц1ыкIу Iосхъэд «Каспийский бриз» етIуанэ дунейпсо фестивалым и яп нагъыщ1эр, «Вдохновение-Весна» дунейпсо зэпеуэм и саугъэтыр къыхьащ. Мыпхуэдэ екъуIэныгъэфIэкI къ ы з з р ы в г ъ э л ъ а г ъ у э м щ1ыкъэкIэ фIыщIэ фхузощ1. Фи зэфIэкIым адэкIи хэвгъэхъуэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, къэралри евгъэфIэкIуэну, фи цIэр жыжьэ Iуну си гуапэщ. Си фIэщ мэхъу ди лъахэгъу, диржёр ц1эрыIуэ Темыркан Юрий хуэдэу, фэри ц1ыхушхуэ къыззрыфхэкIынур. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм и мыхьэнэр инщ. Сыхуейт ди щ1алэгъуалэм псоми мы махуэшхуэм сехъуэхъуну, щIэныгъэм, гуязджэм, политикэм нэгъуэщI унэтIныгъэхэм дэтхэнэми я зэфIэкI щ1ытлъагъуну. Дэри, республикэ унафэщIхэм, мы Iуэхур зэредгъэфIэкIуэным зэпымыууэ ди нэIэ тедгъэтынуц.

КIуэкIуэ Юрий ныбжьыщIэхэр зыгъасэ адэ-анэхэми егъэджакIуэхэми фIыщIэ зэрахующIыр жиIащ, я къалэн мытыншым узыншагъэ яIэу иджыри илъэс куэдкIэ пэрытыну екъуэхъуащ.

Уэлджыр Даянэ жиIащ и дэлъху Елдар гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхуэхъуар, ари жьыуэ щIэныгъэ-къэкуэнныгъэ лэжьыгъэхэм, псом хуэмыдэу химиемрэ биологиемрэ джным дахьэхьн зэрыщIадзар икIи олимпиадэ зэхуэмыдэхэм мыхьэмытIуэ пашэ зэрыщ1ыхьар. «Уи мурадыр и кIэм нумыгъэсауэ укьикIутыж зэрымыхьунур къыхэхэзылъхьар си дзэпъку нэкъыжьращи, абы фIыщIэ хуэхощ1. СызэрелпъмкIэ, сыт хуэдэ Iэху блэжьми, укъызыхэкIамрэ укъыщ1ащIыхуа щ1ынальэмрэ фIыуэ плъагъун, пIэтын хуейщ», - жиIащ хъыджэбзым.

Мусукаев Ахъмэт КъБР-м и Iэтащхьэм къыззэрыгъэблэгъаным папщIэ фIыщIэ хуищ1ащ икIи ныбжьыщIэхэм яхуиIуэтащ. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр я гъэувауэ зэрыщытам. Щ1алэм къыхигъэщащ мыгъэрей еджэгъуэм зэрыщытам. Щ1алэм къыхигъэщащ мыгъэрей еджэгъуэм тету къызэрызэдгъэпэщ1ыпхъэр».

Зэ1ущIэм и кIэм КъБР-м и Iэтащхьэм ныбжьыщIэхэм саугъэтхэр яритащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Хъубий Марат Республикэ клиникэ сымаджэщым щ1ыIащ икIи накъыгъэм и 31-м Бахъсэн районым щ1ыхушхуэ хэту къыщыхъуа гъэзэгу-транспорт насыпиншагъэм хэхуахэм хуащIэ медицинэ Iуэхугъэбзэхэр зыхуэдэр зригъэщIащ.

ХЪУБИЙ Марат: Гъэзгу-транспорт къэхъукъащIэм фэбжь хэзыха псоми зыхуеинц медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэт

ГъУЭГУ къэхъукъащIэм фэбжь хахащ ц1ыху 14-м (зи ныбжьыр илъэс 22-м къыщыIэдзауэ 85-м нэс ц1ыхухъуэ 6-мрэ ц1ыхубзи 8-мрэ). Абыхэм ящ1ыщ 2-р насыпиншагъэр къыщ1ыхъуа щ1ыпIэм деж щ1ыхкIуэдащ, я Iэпкъ-лъэпкъым уIэгъэ, уцIэн зыбжанэ зэуэ ягъуэтауэ къыщ1экIри. Мы зэманым Бахъсэн район сымаджэщым ц1ыхуи 7 щ1ыIащ. Республикэ клиникэ сымаджэщым щ1ытыкIэ хьэлъэм иту ц1ыху 6 щ1элъщ, абыхэм ящ1ыщ 2-м реанимацэм щ1эзэз. Зы ц1ыхум удыныщхуэ игъэтатэкъыми, амбулаторэ кIэлъплъныныгъэм щ1этыну унэм ягъэкIуэкащ.

Апхуэдэу Хъубий Марат яхуэзащ къэхъукъащIэм хэхуахэм я Iыхьлыхэм, дэтхэнэ сымаджэми и Iуэху зытетыр яжриащ. Я зэпшагъэр псынщIэу зэфIэувэжыну екъуэхъури, псоми зыхуэныкъуэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэрыхуащIэнур яжриащ.

Министрым медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэм пщэрылъ ящ1ащ1ащ къэхъукъащIэм хэхуахэм я щ1ытыкIэм теухуауэ я Iыхьлыхэр зыщ1эупщ1ащ икIи ахэр къыщ1энэкIынымкIэ сыт и лъэныкъуэкIи дзэпыкъуэгъу зэрыхъунур къыхагъэщащ.

- Ди депутатхэр псом хуэмыдэу гулъытэщхуэ яхэлъу кIэлъоплъ сабийхэр зыхуэ хуэгъэзэным пылIа Iуэхухэм. Гъэ къэс нобэ хуэдэ махуэм дэ доклуэ ди нэIэм щ1эт школхэм, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щ1эмытыжу къэна сабийхэмрэ, апхуэдэу гугъуехьышхуэ хэхуа сабийхэр щапIыж интернатхэм. ЗэрыгурыIуэгъэущ1, ахэрщ1 гуапагъэм нэхъ хуэныкъуэхэр, абы къыхэкIыу дэтхэнэ зы ц1ыкIуи зэрыдгъэгуфIэным дыхущIокIу. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм дяпэкIи яхуэзэфIэкI псори илэжьынущ ди сабийхэм я гъащIэр нэхъ дахэ, нэхъ гъащIэгъуэн, нэхъ купщIафIэ хъун папщIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

ЕГОРОВЭ Татьянэ: Ди дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр ц1ыкIухэр узыншэу икIи насыпыфIэу щытынырщ

узыншагъэр икIещ1ыпIэкIэ зэтеувэжьну, адэ-анэхэми я гур ямыгъэкIуэдыну дыхуейщ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Депутатхэм сабий къэс тыгъэ щ1эхуэхэр хуащ1ащ.

Къудамэм и унафэщI Къумыкъу Жаннэ хъущIэхэр щ1ыгъуазэ ищ1ащ мы сымаджэщым и онкологие къудамэр къыщ1эзрагъэпэща 2005 гъэ лъандэрэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Псори зэхэту мыбы гъуэгъыпIэ 20 иIэщ. Сабийхэм йо-Iэзэ дэтхэнэми хуагъэува узыфэр гъэхъужьныкIэ яубзыхуа программэхэм тету икIи абы папщIэ лэжьыгъэр иригъэкIуэкI федеральнэ центрхэм быдзу япыщIащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ медицинэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи хэхуэу къыхигъэщхьэхуакIащ:

- Щэч хэлъкъым фэ егъэлеяуэ лэжьыгъэшхуэ зэревгъэкIуэкIым икIи фи егугъныгъэм папщIэ фIыщIэ ин фхудощI. Фэ фщ1ыщ дэтхэнэ зыми фи гум и хуабэр сымаджэхэм явохьэлIэ, апхуэдэ гуапагъэр псом хуэмыдэу сабийхэм Iупщ1у зыхащIэ.

Парламентархэр еплъащ сабийхэр зыхуей зэрыхуагъаззм, апхуэдэу мыбы щ1ыIэ гугъуехэмкI щ1эупщ1ащ икIи ахэр къыщ1энэкIынымкIэ сыт и лъэныкъуэкIи дзэпыкъуэгъу зэрыхъунур къыхагъэщащ.

- Ди депутатхэр псом хуэмыдэу гулъытэщхуэ яхэлъу кIэлъоплъ сабийхэр зыхуей хуэгъэзэным пылIа Iуэхухэм. Гъэ къэс нобэ хуэдэ махуэм дэ доклуэ ди нэIэм щ1эт школхэм, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щ1эмытыжу къэна сабийхэмрэ, апхуэдэу гугъуехьышхуэ хэхуа сабийхэр щапIыж интернатхэм. ЗэрыгурыIуэгъэущ1, ахэрщ1 гуапагъэм нэхъ хуэныкъуэхэр, абы къыхэкIыу дэтхэнэ зы ц1ыкIуи зэрыдгъэгуфIэным дыхущIокIу. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм дяпэкIи яхуэзэфIэкI псори илэжьынущ ди сабийхэм я гъащIэр нэхъ дахэ, нэхъ гъащIэгъуэн, нэхъ купщIафIэ хъун папщIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Сабийхэм къащхьэщ1ыжьныкIэ дунейпсо махуэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэр щ1ыIащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щ1эмытыжу къэна сабийхэмрэ щапIыж республикэ Iуэхущ1анIэу езыхэм я нэIэм щ1этхэм.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэрэгъун А. М., КъБР-м и Парламентым и депутат Нэзрэн Б. М., КъБР-м и Парламентым и деж щ1ыIэ Щ1алэгъуалэ палатэм хэтхэр КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Республикэ сабий клиникэ сымаджэщ» къэрал Iуэхущ1анIэм онкологиемкIэ и къудамэм щ1элъ сабийхэм яIыгъуэзащ. Ахэр мы къудамэм и дохутырхэм, сымаджэщым щ1элъ ц1ыкIухэм, абыхэм я адэ-анэхэм яхуэзащ.

- Нобэ Сабийхэм къащхьэщ1ыжьныкIэ дунейпсо махуэр икIи дэ абыхэм гъэмахуэм и яп махуэмкIэ дадэIэпыкъуну, зэрытхуэзэфIэкIкIэ я узыр ящхьщ1ытхыну, адэ-анэхэм псалъэ Iэфlхэр яжетIэну ди мураду дыкъэкIуащ. Ди дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэр ди ц1ыкIухэр узыншэу икIи насыпыфIэу щытынырщ. Абы къыхэкIыу сабийхэм я узыншагъэр икIещ1ыпIэкIэ зэтеувэжьну, адэ-анэхэми я гур ямыгъэкIуэдыну дыхуейщ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Депутатхэм сабий къэс тыгъэ щ1эхуэхэр хуащ1ащ.

Къудамэм и унафэщI Къумыкъу Жаннэ хъущIэхэр щ1ыгъуазэ ищ1ащ мы сымаджэщым и онкологие къудамэр къыщ1эзрагъэпэща 2005 гъэ лъандэрэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм. Псори зэхэту мыбы гъуэгъыпIэ 20 иIэщ. Сабийхэм йо-Iэзэ дэтхэнэми хуагъэува узыфэр гъэхъужьныкIэ яубзыхуа программэхэм тету икIи абы папщIэ лэжьыгъэр иригъэкIуэкI федеральнэ центрхэм быдзу япыщIащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ медицинэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ икIи хэхуэу къыхигъэщхьэхуакIащ:

- Щэч хэлъкъым фэ егъэлеяуэ лэжьыгъэшхуэ зэревгъэкIуэкIым икIи фи егугъныгъэм папщIэ фIыщIэ ин фхудощI. Фэ фщ1ыщ дэтхэнэ зыми фи гум и хуабэр сымаджэхэм явохьэлIэ, апхуэдэ гуапагъэр псом хуэмыдэу сабийхэм Iупщ1у зыхащIэ.

Парламентархэр еплъащ сабийхэр зыхуей зэрыхуагъаззм, апхуэдэу мыбы щ1ыIэ гугъуехэмкI щ1эупщ1ащ икIи ахэр къыщ1энэкIынымкIэ сыт и лъэныкъуэкIи дзэпыкъуэгъу зэрыхъунур къыхагъэщащ.

- Ди депутатхэр псом хуэмыдэу гулъытэщхуэ яхэлъу кIэлъоплъ сабийхэр зыхуей хуэгъэзэным пылIа Iуэхухэм. Гъэ къэс нобэ хуэдэ махуэм дэ доклуэ ди нэIэм щ1эт школхэм, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я жьауэм щ1эмытыжу къэна сабийхэмрэ, апхуэдэу гугъуехьышхуэ хэхуа сабийхэр щапIыж интернатхэм. ЗэрыгурыIуэгъэущ1, ахэрщ1 гуапагъэм нэхъ хуэныкъуэхэр, абы къыхэкIыу дэтхэнэ зы ц1ыкIуи зэрыдгъэгуфIэным дыхущIокIу. КъБР-м и Парламентым и депутатхэм дяпэкIи яхуэзэфIэкI псори илэжьынущ ди сабийхэм я гъащIэр нэхъ дахэ, нэхъ гъащIэгъуэн, нэхъ купщIафIэ хъун папщIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

● Хъуэхъу

ЗэчийкIэ Тхьэр зыхуэупса

Лъэпкъ журналистикэм и зыужьныныгъэм зи гуащIэшхуэ езыхьэлIа, щ1ынальэр ефIэкIуэным, жылагъуэм щ1ызэкIуэ гупсысэр ун этIныным зи къалэмыр щэрыуэу илъэс 50-м щIигъукIэ хуэзыгъэлэжьа, ноби хуэзыгъэлажьэ ц1ыху ц1эрыIуэхэм ящ1ыщ1 «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель, КъБР-м щ1ыхь зиIэ и журналист Шал Мухьэмэд Къасым и къуэр.

Пщ1эдей, мэкъуауэгъуэм и 3-м, Шал Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу. Псалъэм, печатным и къарур фIыуэ зэкъыгурыIуэ Iэщ1агъэлI щ1ыпкъэр ди лъэпкъым и блэкIам фIыуэ щ1ыгъаз, абы и нобэрей махуэм и къэхъукъащ1эхэм кууэ пхрыплъыф, зэманым дэбэкъуэф ц1ыху-хэм халъытэ.

Публицист Iэзэр, обозреватель IэкIуэлъакIуэр, зэдзэкIакIуэ Iэзэр, лэжьакIуэ гумызагъэр, ц1ыху гуапэ и гуащ1эдэкI хьэлэлым папщIэ мызэ-мыIэу ягъэпэжащ щытхъу тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмкIэ. Щ1алэм хуэфащэ дыдэу зэрекъэ КъБР-м и Президентым и Унафэкlэ 2003 гъэм къыхуагъэфэща «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиIэ и журналист» ц1э лъапIэр.

Щапхъэ зытетх ди нэхъыжьыфIым дохъуэхъу узыншэу и унагъуэ дахэм ящ1ыщ1ытыну, и къалэмыр мыубзощхъуу куэдрэ и Iэнатl эм пэрытыну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр

Унагъуэм и махуэр ягъэлъапIэ

Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ ЩIыхубзхэм я советым къызэригъэпэщащ «Уи унагъуэм мамырыгъэ илъэну» зыфIищащ гуфIэгъуэ пшыхь. Абы щагъэлъэпIащ Налшык дэс унагъуэ нэхъыфIхэм ящыщхэр, щагъэнэIуащ Бзыльхугъэхэм я кьалэ зэгухьэныгъэм щIыхь зиIэу хагъэхьахэр, «Налшык и бзылъхугъэ нэхъыфI-2017» цIэр зыфIащахэр.

АБы къурихьэлIащ КЪР-м и Iэтащ-хьэм и Администрацэм и Апаратым и лэжьакIуэхэр, Парламентым и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъарым и щыхьэрым и цIыхубз цIэрыIуэхэр, волонтёрхэр, студентхэр, школакIуэхэр, илъэс куэд хьуауэ Азычэ Лидэ зи унафащI сабий сад №95-м и гъэсэнхэр. А сабийхэм езыхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэмкIэ куэд щIауэ ягъэдахэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр.

«Уи унэр мамыру щрет» уэрэд цIэрыIуэр ягъэзэщIащ СКГИ-м щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ и колледжым и студентхэу Шэрий Миланэрэ Тохаевэ Мариямрэ, Къэзанокъуэ Жбагаевы и цIэр зезыхьэ. Эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ центрым и гъэсэнхэр а макъамэм дахэу кьыдэфащ. Мис апхуэдэу къызэIуахащ гуфIэгъуэр.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа, Къэбэрдей-Балъкъар, Ингуш республикхэм щIыхь зиIэ я артисткэ, Урысей Артиадэм и лауреат Даур Иринэ гуфIэгъуэ пшыхьым къурихьэлIахэм ехъуэхъуащ Унагъуэм и дунейпсо махуэмкIэ икIи игъэззэщIа уэрэдхэмкIэ я гукъыдэжыр кьиIэтащ.

КъыкIэлтыкIуэу Даурым псалъэ иритащ Бзылъхугъэхэм я Налшык кьалэ советым и пашэ Дыджэш Лидэ.

- Мы гъэм илъэс 25-нэ хьуауэ ягъэлъапIэ Унагъуэм и дунейпсо махуэр. Унагъуэрщ къыщежьэр щIыхуэм яхэлъ хьэл дахэ порри. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щIэзекIуэ, зи мафIэр мыужьыз унагъуэ лъэщхэм къахэхъуэну, я IуэхузехьэкIэрэ дуней тетыкIэкIэ пщIэрэ щIыхьрэ къэзылэжь цIыхухэр нэхъыбэну си гуапэщ, - жиIащ Дыджэшым.

Мы Iуэхур къызэгъэпэщыныкIэ щIэгъэкъуэн къызэрыхъуэхъуам папщIэ Дыджэшым фIыщIэ яхуищIащ КЪР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Налшык щIыпIэ администрацэм, «Ипщэ-Медиа»-м и унафэщI Шумахуэ Руслан, советым жыджэру хэтхэм.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуиГъэзащ утыкум кърагъэблэгъа, «Илъэсым и цIыхубз» зэпеуэм «Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэр» лIэужьыгуэмкIэ лауреат щыхъуа (зэкIэ апхуэдэ щIыхьыр зыльысар абы и закъуэщ), КЪР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. «ЗэгурыIуэ унагъуэ - екъуэлIэныгъэ зиIэ унагъуэ» зэпеуэм щытекIуэхэр Iэгуауэшхуэм щIэту утыку къращащ Егоровэмрэ Налшык кьалэм и администрацэм экономикэ зывжьыныгъэмкIэ и департаментым и Iэтащхьэ Ащхьуэт Исльамрэ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэм и унэтIныгъэ зэмылIэужьыгуэхэм бжьыпэр щаубыдащ Алмэхэ Сергейрэ Зоерэ, Биттировхэ Бисланрэ Аминатрэ, Бозиевхэ Ахьмэтрэ ФатIимэрэ, Мамышхэ Заурбэчрэ Лидэрэ, ПщIыгъусэхэ Муратрэ Жаннэрэ. Парламентым и УнафэщIым абыхэм щIыхь тхьылъэр, удз гъэгъахэр, саугъэтхэр яритащ.

«Налшык кьалэ округым и ЦIыхубзхэм я советым щIыхь зиIэу хэт» цIэр зыхуагъэфэщащэр къызэхуэсахэм ирагъэщIыхуащ КЪР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщагъу Уянаевэ Аминатрэ Дыджэш Лидэрэ. Кубокыр, фэеплъ саугъэтыр ираташ, советым «ЩIыхь зиIэ и тхьылъ» ираташ республикэм и бзылъхугъэхэм я зэщIэхъеенымгъэм хэпъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Абдуллаевэ Розэрэ советым и кьэпщытакIуэ Асановэ Светланэрэ. Апхуэдэу ягъэлъэпIащ «Кьалэм и цIыхубз пажэ» цIэ лъапIэр зыфIащахэу Налшык кьалэм и курыт еджапIэ №95-м и унафэщI Емуз Светланэ, хэхыныгъэхэм я къызэрэпэщыкIэр КЪР-м щегъэфэкIуэным жыджэру Унагъуэм и дунейпсо махуэмкIэ икIи игъэззэщIа уэрэдхэмкIэ я гукъыдэжыр кьиIэтащ.

КъыкIэлтыкIуэу Даурым псалъэ иритащ Бзылъхугъэхэм я Налшык кьалэ советым и пашэ Дыджэш Лидэ.

- Мы гъэм илъэс 25-нэ хьуауэ ягъэлъапIэ Унагъуэм и дунейпсо махуэр. Унагъуэрщ къыщежьэр щIыхуэм яхэлъ хьэл дахэ порри. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щIэзекIуэ, зи мафIэр мыужьыз унагъуэ лъэщхэм къахэхъуэну, я IуэхузехьэкIэрэ дуней тетыкIэкIэ пщIэрэ щIыхьрэ къэзылэжь цIыхухэр нэхъыбэну си гуапэщ, - жиIащ Дыджэшым.

Мы Iуэхур къызэгъэпэщыныкIэ щIэгъэкъуэн къызэрыхъуэхъуам папщIэ Дыджэшым фIыщIэ яхуищIащ КЪР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, Налшык щIыпIэ администрацэм, «Ипщэ-Медиа»-м и унафэщI Шумахуэ Руслан, советым жыджэру хэтхэм.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуиГъэзащ утыкум кърагъэблэгъа, «Илъэсым и цIыхубз» зэпеуэм зыплъыхьакIуэм зи гупкIэ исым и Iуэху еплъыкIэр.

И нэгу щIэкI псори щIэныгъэ жыпхъэм ирилъэзгъэну зэрыхущIэкъур плъагъу, Колетани и тхьылъ Iыхьэ щхьэхуэзэрэ гуэшащ: щIым, псым, хьэуам я щытыкIэр; Шэрджэс хамкъым пэгъунэгъу щIынапIэхэмрэ абыхэм щIипсэу лъэпкъхэмрэ; адыгэхэр зауэм зэрыхуэщIа щIыкIэр; я зыхуэпэкIэр, пщэфIыкIэр, шхыныгъуэхэр, сымаджэм зэреIэзэр, унагъуэ зэраухэр, кьинэмыщIхэр. Тхьылъым уэрэд зыбжанэ ихуащ адыгэ бэнэныгъэм теухуауэ.

Илъагъур езыр зэса псэукIэм кьызэрыщхьэщыкIым и щапхьэу тхаКIуэм фIэгъэщIэгъэн хьуахэр дэри тфIэгъэщIэгъэнщ.

Дэ дыдыгъуэгъуакIуэхьым

Шыгу зэкIэрыщIа гуп гъуэгум кьыркIуэу дрихьэлIащ зэгъэрыI, я щэрхьэхэр егъэлеяуэ кIыгъэшу. Ар къэбэрдей Iэпхъуэхэрат. «ЩхьэI фи щэрхьэм дагъэ щцывмыхуэра?» - жысIэу сыщыщIэупщIэм, жэуап кьыратат: «Сыт дэ дыдыгъуэгъуакIуэу ара, макъынIшэу дызекIэн хуэдэу?»

ЕмыкIуэм нэхърэ нэхъ емыкIуж

Алэрбыгъу къызэпхъуха шыгу гуэрым бзылъхугъэ кьиплъауэ слъэгъуати, сыщIэупщIащ: «Ар ипхъу хьэмэ и щхьэгъусэ?» «Абы упщIэупщIну жыжьэ, жэуап ептыну нэхъ емыкIужщ», - къыспадзыжащ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Егъэджэныгъэ

Медалы Каринэ Сахалин макIуэ

Южно-Сахалинск къалэм мы гъэм и щыщхьэуIу мазэм щекIуэкIынущ «IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр» (WordskillsRussia 2018) VI Лъэпкъ чемпионатым и кIэух зэпеуэзэр. Абы хэтынущ КъБКъУ-м и педколледжым и студентхэ Медалы Каринэ (щIэныгъэ унафэщIыр психологие щIэныгъэхэм я кандидат Кузьменкэ Людмилэщ).

ДУНЕйПСО мардэхэм тету кьызэрагъэпэщ а къэпщытэныгъэ-зэпеуэм и пэублэ Iыхьэ псоми щытекIуащ Каринэ. ЯпэщIыкIэ ар екъулIэныгъэ иIэу хэтащ щIыналъэпсо Iыхьэм. ИужькIэ, апхуэдэ зэпеуэхэм пашэ щыхъуа, УФ-м хьихьэ субъект 77-м ящыщ щIыхуэ 164-м ящIыгъуу ягъэкIуащ Ярославль кьалэм мэлыжьыхьым и 22-м кьыщыщIэдзауэ накъыгъэм и 3 пщIондэ щызэхэта, фIым я фIыжхэр кьыщыхах турым. Ди гуапэ зэрыхъущи, абыи Медалыр щахэхуащ нэхъыфIу кьалъытахэм.

Чемпионатым и иужьрей зэпеуэм хэтахэм я гъэсакIуэ ябгъэдэлъ щIэныгъэм и куугъэцIр, практикэ и лъэныкъуэкIэ яIэ зэфIэкIхэм я лъагагъэр, ямыцIыху щIыпIэм зи мынэIуасэ сабийхэм я деж дерсхэр щатурэ. «Класс нэхъыщIэхэр зэрегъэджапхъэр» унэтIныныгъэмкIэ дерс зыта Каринэ дакъикъ 15-м кьитIасэу кьыпэщылъ кьалэнэхэри зыхуиГъэувыжа мурадхэри игъэззэщIащ. КьыкIэлтыкIуэу кьызыхуэтыншэу зэхищи щIыналъэм щрагъэкIуэкI «Зарница» дзэ-хэкупсэ джэгу-зэпеуэм. КьищынэмыщIауэ, районым и курыт школ зыбжанэм я гъэсэнхэр хэтщ «Юнармие» Урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ дзэ-хэкупсэ жыларэ зэщIэхъеенымгъэм. Едэжным кьыщыдахуэ зэманым ныбжьыщIэхэр жыджэру хэтщ волонтёр Iуэхухэм, зауэлIхэм я кхъащхьэхэр зыхуей хуэзэу зэрахьэ.

КЪР-м и Жылагъуэ палатэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комиссэм и унафэщI Зумакулов Асхат жиIащ Iуащхьэмахуэ, ЩIэрэдж районэхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ мыхьанэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд зэрыщыщIафIахьэ. Абы щIалэгъуалэр кьыхуриджащ республикэм, къэралым щеКIуэкI жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтыну.

- КъытущIэхуэ щIэблэм щалъхуа я Хэкур, щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу, граждан зэхэщIыкI яIэу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, - кьыхигъэщащ абы. - А Iуэхум демыгугъумэ, ныбжьыщIэхэр зыхашэнкIэ хъунущ эстрелист гупхэм.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщыпсэлъащ КЪР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу Кульбаев Хьэчим, ХьэукIэн Мурат, Гуппоев Тимур, Хаппаев Назир, УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэм КЪР-м щиIэ Iуэхущ-лIэм Бахъсэн Илщэ заставэм и унафэщIым и кьэдзэ Зубков Владимир, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщ-Iэузэда Къаурэхэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я ветеранхэм и щIыпIэ совет-тым и тхьэмадэ Къудей Мэжид, Iуащхьэмахуэ районым и ДОСААФ-м и пашэ Хьэжы Руслан, Тырныауз дэт курыт школ №96-м ОБЖ-р щезыгъэдж Малкоруков Махьтыл. Ахэр тепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ щIыпIэ, дзэ щIыхьым и музейр зыхуей хуэгъэзэным, Жылагъуэ палатэм щIыпIэ щIалэгъуалэм ящыщ хэгъэхьэным, нэгъэщIэхэми.

КЪАРДЭН Тамбий.

Спортсмен цIэрыIуэхэр яхуозэ

Урысей ФСИН-м и Управленэу КЪР-м щыIэм и ИК-4-м щыIащ республикэм спортымкIэ и министрым и къуэдзэ, спортымкIэ дунейпсо классым и мастер Анаев Аслъэн, бэнакIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч, спортымкIэ щIыхь зиIэ мастер, Олимп джэгуэкIэ щыхьыжьыр Продуновэ Еленэ сымэ.

КЪР-м щыIэ УФСИН-мрэ республикэм СпортымкIэ и министерствэмрэ зэращIыIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ иджы яIэу кьыхэзрагъэпэщащ спортсмен цIэрыIуэхэмрэ тезыгьэ езыхьэкIэхэрэ я зэIущIэ. Спортсменхэм зыщрагъэплъыхьащ Iуэхущ-лIэм. Хьэщ-Iэхэр щыIащ тезыгьэ нэхъ щабзэу зыпшынынхэм я псэупIэхэм, гъэсэныгъэ щыдрагъэкIуэкI пэшым, шхапIэм. Адэкlэ Iуэхущ-лIэм и клубым щекIуэкIащ ягъэтIыса цIыхубзхэмрэ спортсмен цIэрыIуэхэмрэ я зэIущIэ. ЦIыхубзхэм спортсменхэм зыхуагъэзащ я гъащIэм, спортым, Олимп джэгуэм зэрызыхуагъэхьэзырам, гукъынэж ящыхьэхэм ятеуха упщIэхэмкIэ. Абыхэм дэрэжэгъуэшхуэ хьакIэ спортсмен цIэрыIуэхэр зэрызрагъэпэщыхуам, Олимп джэгуэм я тхыдэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми гунэгъу зэрызыхущIам. ЗэIущIэр гуапэу екIуэкIащ, хьэщIэхэм упщIэ куэдым жэуап иратыну хунэсащ.

УФСИН-м и пресс-Iуэхущ-лIэм и унафэщI Зэбар Мадинэ зэрыжиIащи, Iуэху цIыхьэпэм и кIэухыу Iуэхущ-лIэм и унафэщIым хьакIэ спортсмен цIэрыIуэхэр зэрызрагъэпэщыхуам, Олимп джэгуэм я тхыдэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми гунэгъу зэрызыхущIам. ЗэIущIэр гуапэу екIуэкIащ, хьэщIэхэм упщIэ куэдым жэуап иратыну хунэсащ.

ЦIыхубзхэм спортсменхэм зыхуагъэзащ я гъащIэм, спортым, Олимп джэгуэм зэрызыхуагъэхьэзырам, гукъынэж ящыхьэхэм ятеуха упщIэхэмкIэ. Абыхэм дэрэжэгъуэшхуэ хьакIэ спортсмен цIэрыIуэхэр зэрызрагъэпэщыхуам, Олимп джэгуэм я тхыдэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми гунэгъу зэрызыхущIам. ЗэIущIэр гуапэу екIуэкIащ, хьэщIэхэм упщIэ куэдым жэуап иратыну хунэсащ.

● Хэкупсэ гъэсэныгъэ

ЩIалэгъуалэр къыхураджэ

Тырныауз дэт гимназие №5-м иджыблагъэ щызэхэтащ КЪР-м и Жылагъуэ палатэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Район администрацэм и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Тарим Алисэ хъыбар щызэрыдигъэщIамкIэ, абы къурихьэлIащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и унафэщIхэр, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм, щэнхабзэмкIэ управленэм, УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэм КЪР-м щиIэ Iуэхущ-лIэм я лIыкIуэхэр, «Юнармие» зэщIэхъеенымгъэм хэтхэр.

IУАЩхЬэМАХУЭ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и кьэдзэ Iулымбащ Арслъэн кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ щIыналъэм и курыт школхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр. Школ къэс кьыщызэрагъэпэщащ еджакIуэхэм я дзэ-хэкупсэ зэгухьэныгъэхэр. Ахэр дапщэщи жыджэру хэтщ щIыпIэм, республикэм, Урысейм щекIуэкI ак-цэхэм, дзэ-спорт зэхьэзэхуэхэм, спартакиадэхэм, слётхэм, дзэ къулыкъум ираджэну щIалэхэр щагъэхьэзыр зэхуэсхэм. НыбжьыщIэхэм абыхэм ехъулIэныгъэ зэрыщызыIэрагъэхьэм и мызакъуэу, дзэ къулыкъым епха Iэщ-Iагъэхэм нэхъ куууэ щыгъуазэ зыхуащI.

ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэзнэтIауэ щIыналъэм щызэрIах Iуэхугъуэм нэхъ щэщIауэ тепсэлъыхьащ егъэджэныгъэмкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэ пашэ Атмурзаевэ Алисэ. Абы зэрыжиIамкIэ, бгы лъагэ щIыпIэхэм щыIэ жылэхэу Бахъсэн Илщэ, Нейтринэ, Эльбрус, Терскол дэт курыт школхэр долажьэ УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэм КЪР-м щиIэ Iуэхущ-лIэм. Абы и заставэм щIэх-щIэхьурэ щокIужкI къэралпсо махуэшхуэхэм, фэеплъ махуэхэм ятеуха зэхуэсхэр, щколакIуэхэри хэту. НыбжьыщIэхэр хэтщ ТекIуэныгъэ Иным и махуэм и пэ къихуэу дапщэ-щи щIыналъэм щрагъэкIуэкI «Зарница» дзэ-хэкупсэ джэгу-зэпеуэм. Къыщыпсалъэм щыщIэныгъэмкIэ и комиссэм и унафэщI Зумакулов Асхат жиIащ Iуащхьэмахуэ, ЩIэрэдж районэхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ мыхьанэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд зэрыщыщIафIахьэ. Абы щIалэгъуалэр кьыхуриджащ республикэм, къэралым щеКIуэкI жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтыну.

- КъытущIэхуэ щIэблэм щалъхуа я Хэкур, щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу, граждан зэхэщIыкI яIэу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, - кьыхигъэщащ абы. - А Iуэхум демыгугъумэ, ныбжьыщIэхэр зыхашэнкIэ хъунущ эстрелист гупхэм.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщыпсэлъащ КЪР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэу Кульбаев Хьэчим, Хьэукlэн Мурат, Гуппоев Тимур, Хаппаев Назир, УФ-м и ФСБ-м и гъунапкъэхъумэ управленэм КЪР-м щиIэ Iуэхущ-лIэм Бахъсэн Илщэ заставэм и унафэщIым и кьэдзэ Зубков Владимир, Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщ-Iэузэда Къаурэхэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я ветеранхэм и щIыпIэ совет-тым и тхьэмадэ Къудей Мэжид, Iуащхьэмахуэ районым и ДОСААФ-м и пашэ Хьэжы Руслан, Тырныауз дэт курыт школ №96-м ОБЖ-р щезыгъэдж Малкоруков Махьтыл. Ахэр тепсэлъыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэ щIыпIэ, дзэ щIыхьым и музейр зыхуей хуэгъэзэным, Жылагъуэ палатэм щIыпIэ щIалэгъуалэм ящыщ хэгъэхьэным, нэгъэщIэхэми.

КЪАРДЭН Тамбий.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 2, щIэзэт

♦Италием егъэлъапIэ Республикэ щыхъуа махуэр (1946 гъэм). 1861 гъэм кьыщыщIэдзауэ а къэралыр тетащ пащтыхь хабзэм. 1946 гъэм ирагъэкIуэкIа референдумым кьркIуэхэм япкъ иткIэ Италие пащтыхьыгъуэр щымыIэж хъуащ - къэралыр республикэ унафэ щIыкIэм хуэкIуащ.

♦Къэуат зыщIэлъ ерыскъымрэ шхынкIэ емыгъэлеинымрэ я махуэщ

♦1920 гъэм РСФСР-мрэ Тыркумрэ дипломатие зэхущытыкIэ зэхуаIэ хъуащ.

♦1928 гъэм Налшык тхылъ тедзапIэ кьыщыщIэдзащ.

♦1953 гъэм Елизаветэ ЕтIуанэр Инджылызым и пащтыхь гуащэ хъуащ.

♦1955 гъэм Байконур космодромыр ухуэн щIадзащ.

♦1976 гъэм СССР-мрэ Филиппины Республикэмрэ яку дипломатие зэхущытыкIэхэр дэлъ хъуащ.

♦Совет тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ Тренёв Константин кьызэралъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу.

♦Адыгей сурэтыщI ЛьапцIэрыщэ Нурбий и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, журналист **Хьэту Пётр** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубз артисткэ **Яковлевэ Алёнэ (Еленэ)** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Теннисист цIэрыIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Дэвис и Кубокыр къэзыхьа **Давыденко Николай** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 3, тхьэмахуэ

♦Черногорием егъэлъапIэ къэрал щхьэхуит щыхъуа махуэр. Абы и парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м унафэ кьищтащ, Сербием кьыгуэкIыу, Черногориер зыми и унафэ щIэмыт щIыналъэ щхьэхуэ зэрыхъум теухуауэ икIи ар дунейм и къэралпсоми кьанэ щымыIэу кьалъытауэ щытащ.

♦1571 гъэм кърым хъан Долэт-Джэрий и дзэм Москва игъэсащ.

♦1869 гъэм Курск - Харьков - Азов гъущI гъуэгум мафIэгуэхэр иркIуэу щIадзащ.

♦1907 гъэм ЕтIуанэ Къэрал Думэр зэбграуТыпщыкIыжащ.

♦1930 гъэм Къэралым Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьныныкIэ и советым унафэ къищтащ Белломор-Балтие кIэнаэр щIыным теухуауэ.

♦1943 гъэм зауэ зэманым зэхакъуэгъэ щыта Налшык лы комбинатыр зэфIэгъэувэжьын яухащ.

♦1992 гъэм Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкIэ Совет къыщызэрагъэпэщащ.

♦Совет нейрохирург цIэрыIуэ, СССР-м медицинэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ президенту, абы и академикыу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Бурденкэ Николай** кьызэралъхурэ илъэси 142-рэ ирокъу.

♦Революционер, Урысейм и Гъэзэщ-лакIуэ комитет нэхъыщыхьэм и унафэщIу щыта **Свердлов Яков** кьызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цIыхубз артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Герасимов Сергей** кьызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу. Абы и цIэр зэрехьэ КинематографиемкIэ урысейпсо къэрал университетым.

♦Кубэм и Къэрал Советымрэ и Министрхэм я Советымрэ я унафэщI, Кубэм и Компартым и ЦК-м и япэ секретарь **Кастрэ Рауль** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, сабийхэм папщIэ тхылъ куэд къыдэзыгъэкIа тхакIуэ **Тамбий Александр** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Публицист, КЪР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель **Шал Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Радиожурналист, Урысей артиадэм и лауреат **Багъэтыр Нинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Ещтрэч Сулътlан** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Кубаным и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Успенскэ куеймрэ Армавир кьалэмрэ я Iэтащхьэу щыта, Краснодар крайм и губернаторым и япэ кьуэдзэу щыта **Хьэту Жамболэт** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Атлетикэ псынщIэм щиIэ зэфIэкIхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа, Олимп Джэгуэм тIэунейрэ щытекIуа **Исинбаевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 4, блыщхьэ

♦Бийр къащытеуам хэкIуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦Ингуш Республикэр къыщыщэрагъэпэща махуэщ

♦Къэзахъстан Республикэм и къэрал дамыгъэхэм я махуэщ

♦Эстонием щагъэлъапIэ я къэрал ныпым и махуэр

♦1800 гъэм Вашингтон дэт Унэ Хужьыр ухуэнри яухащ.

♦1897 гъэм ухуэн щIадзащ «Аврора» кхъухь цIэрыIуэр.

♦1922 гъэм «Крокодил» журналым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм кьытехьащ.

♦1940 гъэм Москва «Динамо» стадионыр кьыщыщIэдзахащ.

♦1943 гъэм Налшык щекIуэкIащ фашистхэм я бийуэ республикэм и цIыхубзхэм къызэрагъэпэща пэкIр.

♦1962 гъэм СССР-м ящагъэльагъуащ «Фитиль» киножурналыр. Къэралым щыцIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щыта а нэтыным и редактор нэхъыщхьэр Михалков Сергейт.

♦Хоккеист, СССР-м щIыхь зиIэ и тренер, зи унафэщIу щыта ЦСКА командэм хэту Совет Союзым 12-рэ и чемпион, щэнйрэ Олимп, 8-рэ дунейпсо чемпион хъуа **Тихонов Виктор** кьызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ киноактрисэ цIэрыIуэ, саугъэт куэдым я лауреат, псапащIэ **Джоли Анджелинэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист, Олимп Джэгуэм тIэунейрэ я чемпион хъуа **Устюгов Евгений** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЗыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дыгъум щIыгъур и дыгъуэгъущ.

Афиным щахъумэ

Республикэ МВД-м и нарокополицейскэм ирагъэкIуэкIащ наркотикым пэщIэтыным теухуа Iуэхуэхэр. Ахэр яхуэзащ кадет школхэм я гъэсэнхэм икIи жраIащ афиныр зэхьэлIэныкIуэ ныкъусаныгъэхэр, хабзэм къемызэгъыу ахэр изыгъэкIэхэм административнэ, уголовнэ жэуап зэрахьыр.

КЪР-м щыIэ МВД-м и Наркотикэм кIэлъыплъныкIэ и управленэм и «Гром» гуп хэхам и лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ ящIащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ органэм я Iэнатlэ щхьэхуэхэм щылэжьынхэр кьызэрыхахым, апхуэдэ Iуэхущ-лIэхэм кьапэщыт кьалэнхэм.

ЗэIущIэм и кIэухыу полицейскэм кадетхэм папщIэ кьызэрагъэпэщащ Iэпкълъэпкъыр псыхьыным теуха Iуэхуэхэр, яхутепсэлъыхьащ яIэ Iэщ-щэхэм, ахэр кьызэрагъэсэбэпым икIи кадетхэм я упщIэхэм жэуапхэр ираташ.

КЪР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ-лIэ.

Фестивалым фрагъэблагъэ

Гъуэзджэмрэ архитектурэмкIэ «A-FEST» япэ дунейпсо фестивалыр Калугэ областым и «ЭТНОМИР» этнографие парк-музейм накъыгъэм и 1-м къыщыщIэдзауэ фокIадэм и 22 пщIондэ щекIуэкIынущ.

ФЕСТИВАЛЫМ хьихьэу зэпеуэнущ Урысейм и пщIэнхъэм я щэнхабзэм, мамырыгъэм теуха арт-объектхэр зыхуэхэр. Абы ирагъэблагъэ ландшафт ухуэныгъэм зэфIэкI щIэлъэу архитекторхэр, скульпторхэр, дизайнерхэр, художникхэр, творческэ гупхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, егъэджэныгъэ Iуэхущ-лIэхэр.

Зэхьихьэм и программэм хагъэхьэну яубзыхуащ мастер-классхэр, фестивалым хэтхэмрэ абы ирагъэблагъа спикерхэмрэ я лекцэхэр, щэнхабзэ зэхуэсхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, макъамэкIэ гъэнщIа зыгъэпэсэкуэгъуэхэр, «ЭТНОМИР» гъэмахуэ фестивалыр, «Мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ ятеуха зэпсэлъэныгъэ» дунейпсо щIалэгъуалэ зэхуэсыр.

Фестивалым ехьэлIа хьыбархэм нэхъ зыубгъуауэ зыщыхэвгъэгъуэз хъунущ е зэпеуэм фызэрыхэтынумкIэ лъэIу евгъэхь хъунущ мы напэкIуэцIым http://cb.ethnomir.ru/afest_e мы электрон пощтым – osarkisova@ethnomir.ru, nkychkinamakar@ethnomir.ru.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэр ильэс 90 ирокъу

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэр къызэрызэрагъэпэщэрэ ильэс 90 ирикъуащ. А зэман кІыхьым къриубыдэу абы сыт хуэдэ увыпІэ щиІыгъа ди республикэм и гъащІэм, иджы и Іуэху зытетхэр сыт? Абыхэм тедгъэпсэлъэхьыну дыдыущІащ тхылъ тедзапІэм и унафэщІ Ацкъан Руслан.

Дэтхэнэ зы лэжьыгъэри цІыхухэм ягу къынэн папщІэ

ЩІХЬЭУСЫГЪУЭ гуэр зимыІэ щыІэкъым. Ди тхылъ тедзапІэри ауэ ситми уафэм кьехуэхакъым. Ар къыщыунэхуа зэман жыжьэм ди щІынальэм щыпсэуэхэм я нэхъыбапІэр иджыри щІэныгъэншэу зэрыщытам псори дыщыгъуазэщ. ЩІэныгъэм лъагэуэ хупхьэшыа гъэхэри диІэт, ауэ абыхэм я зэфІэкІыр щІыхэм я деж зэрынагъэсын Іэмалыр мащІэт. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ игуэу дыдэу кьыззрагъэпэща тхылъ тедзапІэм. Ар кьыззрагъэпэщри, тхаІуэхэри, усакІуэхэри кьэнхэку хуежьащ. Мис абдежи нобэ дыззрыгушхуэ литературэм и щІэдзапІэр. Дунейм кьытехьэу хуежьащ лъэпкъ литературэхэм я лъабжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Бэчмырзэ, Мечиев Кязим, Щоджэнщыкіу Алий сымэ я тхыгъэхэр, дахэу утыку хьихьащ иужькІэ литературэм и классик хъуахэу КІыщокъуэ Алим, Кулиев Кьайсын. Абыхэм кьакІэлыкІыащ ныбжьыщІ тхаІуэ, усакІуэ гъуэзджэхэри, щІэныгъэлІ бэлыхьхэри. А псори тхылъ тедзапІэм кьекІуэлІэжырт. Абы кьыгъэІуэтэ тхылъ тедзапІэм и зэфІэкІым зэпымыууэ хигъэхъуэн хуейуэ. Псори зэпыщІащ.

Лэжьэн щыщІидза гъэм тхылъ тедзапІэм щыкІу-инми адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ тхылъ 36-рэ кьыдигъэкІащ. ГъэщІэгъэнрахь, дэтхэнэ зы тхылъри минитІ нэхъ мащІэ хъуртэкъым. Нобэ дыщІохьэпс апхуэдэ бжыгъэм. Пэжщ, сабийхэр зэреджэ тхылъхэр нэхъыбэу кьыщыдздгъэкІи щыІэщ, ауэ художественнэ тхыгъэхэр, ди щІэныгъэпхэм я лъабжьэкІэ, язык-къуэхэм дежи мащІэ дыдэу кьыдздгъэкІын хуей мэхъу. Абы щхьэусыгъуэу зыбжанэ иІэщ. Зэман мэхъу интернетри, абы зи псэр ихьэху цІыхухэр тхылъ зэрыхуэмеижри. Ауэ, сэ сызэреплъымкІэ, ныбжьыщІ зыгуэрыщІ зэлъпІ: ялъэм щыгъуэ тхылъыр гъэлъащІэм щыщу, ар ямыІэмэ, унагъуэм и пщІэр нэхъ лъахъшэ хъууэ къэзылъытэ куэд щыІащ, иджы тхылъ кьэзыщэхур абы едэжнэущ. «Унэм сыбгъэхьи севгъаджэ, Іэ еІуСаузэ мышІащ ныбжьыщІ кьэпщІухьжьжьынщ», - жаІэу кьытхуэжьэхуэ щыІэщ. Ди тхылъхэм я уасэр ма-



щІэ дыдэми, ахэр къызыхуэмы-кІуэщу щыІэщ. Абы дегъэпІейтей. КІэщІу жыпІэмэ, нобэ мылъку зиІэм щыщу тхылъ хуейр мащІэщ, тхылъ хуейм ар кьыззрищэхун кьыщыхуэмыгъахуэ кьохъу. Тхылъ щапІэ ди кьуажэхэм зэрыдэмытыжри хуабжьу зэран мэхъу. ИтІани, тхылъыр зи псэм хэзымыхьр мащІэкъым. Шэч хэлъкъым ди литературэм нобэ зэрызиужьам, къэралгъо утыкум ишэн хуейр тхакІуэ, усакІуэ куэд дыззриІэм, ауэ ди зэфІэкІыр нэхъ мащІэ зэрыхьуар абы зэран хуохъу. Тхыгъэ нэхъыбэкІэ урысыбзэкІэ зыхуэй хуэзауэ зэдзэкІын, кьыдздгъэкІын хуейщ, абы текІуэдэну мылъкур дыщимыІэкІэ - Іуэхуфыр лъэхъа мэхъу.

НобэУ ДИ ІуэхущІафэхэмкІэ, тхуэзэфІэкІхэмкІэ кьэдгъэззэжыщ. Ди лэжьыгъэм сыт щыгъуэ увыпІэ-хуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ. Ди лэжьакІуэхэм яхуэзфІэкІ хэлъхьэ а тхылъхэр нэхъри егъэфІэкІуэным. Ахэр зыхуей дуэхуэ щиубыдэу щытащ ди сабийхэр зэреджэ тхылъхэр кьыдздгъэкІын, иджыри ар ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэ.

Ди сабийхэм ахэтха усэхэр, рассказхэр щІэх-щІэхьуэр дыиным кьытыдогъэхьэ, сурэткІэ гъэщІэрэщІауэ. А тхылъ цІыкІуэхэм щІэупщІэ зэралэм егъэлеяуэ дыщогуфІыкІ. Ди сабийхэм анэдэлъхьэзэр ящІэу кьэгъэтэджныир ди кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыуэ кьыдолъытэж. ЩІэх-щІэхьуэр кьыдыдогъэкІыж адыгэ, балъкъэр тауэрыхьэхэр. Дызэрыт гъэм адыгэбзэкІи, балъкъэрыбзэкІи дунейм кьытехьэнущ псалъэжьэхэр, кьуэжьхьэхэр, нэщэнэхэр, псынщІэрыпсалъэхэр щІэзэхуэхьэса тхылъхэр. Ахэр еджакІуэхэмки кьагъэсэбэпын хуэдэу зэхэлъхьащ.

ИтІанэ. Сэ кьэдрэ жьгъэ адыгэ, балъкъэр литературэхэр ди кьэраныгъэм куэдкІэ ефІэкІыну нобэ зэрыщытыр. Ар псалъэ кьудейкъым, литературэхэм зэрызэужьыным дызэрыкІэпыплъым кьиІэщІа гупсысэщ. А Іуэхугъуэм дэ нэхъыбэж ди пщэм щыделъхэр дунейм кьытехьэ тхылъэфІхэр и зэманым кьыдздгъэкІынымкІэ, ахэр хьума хъунымкІэ. А Іуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иІэщ ди бзэр кьызэтена хъунымкІэ, зиужьынымкІэ. КІэщІу жьІпэмэ, лэжьыгъэ ди куэдщ. Кьэралым тІэкІу зыкъытщІигъэжьэжьа, ди Іуэхугу мыІейуэ екІуэкІыну догуГъэ. Псори щІэтщІэжьыр тхылъеджэхэраци, абы-хэм ягу зэрыдгъэзэгъэным и ужь дитынщ.

АЦКЪАН Руслан,
«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ, КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ.

Тхылъ тедзапІэм и лажьакІуэхэр.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Іыхьэлейм икІыу дрогуфІэ

Щыэщ Іуэхущ Іапі э, лэжьакІуэ гуп, уи псэм ехуэбылІэрэ я зэфІэкІым лъагэ урихьуу. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ си ныбжьэгъуфІ жысІэкІэ, егъэлея мыхьуну, усакІуэ Ацкъан Руслан зи унафэщІ «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр.

КУЭДЫМ жаІагъэнщ абы лэжьыгъэшхуэ зэрыщекІуэкІыр, сэри абыхэм арэзы садохъу. ДыщІызгъунур зыщ: зыхуей хуэзэу, и теплъэкІи и купщІэкІи укъамыгъэщІэхъуу абы кьыщыдзэкІ тхылъхэм иригушхуэхэм сащыщщ сэри. Жыжьэу зэхэсхьу кьэнэж кьудейкъым, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэуэхэм ди дежи къос а Іэдакъэщ Іэкі гъэщІэгъэнхэр. Тхылъыщ Іэ кьыззрыдзкІам теухуа хъыбар гуапэм кІэщІу и ужь иту кьытІэрыхьэ лэжьыгъэхэм Іыхьэлейм икІыу дрогуфІэ.

ГуфІэгъэ дызыхэтахэм ящыщщ иджыблагъэ Ацкъан Руслан «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цІыхубэ усакІуэ» цІе лъапІэр кьызэрыфІащар. Лъэпкъ Іуэхум гулъытэ хэха хуэзыщІ си ныбжьэгъум и ехъулІэныгъэхэм дяпэкІи хигъахъуэну, и щІыналъэм и мызакъуэу, гъунэгъу хэгъэгуэми кьыщащІэри, адэкІи ефІэкІуэну сохъуэхъу.

ЖыпІэнурэкъэ, цІыкІуи ини, щІэныгъэлІи егъэджакІуи, тхакІуи усакІуи гулъытэншэ ищІыркъым тхылъ тедзапІэм. Си гуапэщ псори зэрызэхуигъадэм хуэдэу дяпэкІи екІуэкІыну, и кьалэным хуэІэижьу ижьтэ Іэдакъэкіэ лэжьыну, зыр зым кьыкІэлъыкІуэу дунейм кьытригъэхьэн тхыгъэхэм щымыщІэну!

УЭХЪУТЭ Александр,
Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и унафэщІ.

Лъэпкъыр къыззращІэр

ГъащІэм телъыджэ Іэджи пыщІащ, бгъэщІагъэ пэтми пхуэмыуухыну. Абы щыщщ тхылъыр. Уи гъащІэр тхылъым пыщІауэ ущыпсэум дежи, дунейм гъэщІэгъуэн куэд уегъэлъагъу... унабдзэгубдзапІэмэ. ЩІэныгъэм и кьежьапІэр, дауи, тхылъщ.

ТХЫЛЪ тедзапІэ! СэркІэ абы пщІэуэ иІэр апхуэдизкІэ инщи - жьІэгъуейщ икІи гугъущ. Си гуащІэр щІэныгъэм пыщІа хъуаэу сопсэу, тхылъыр зи пІащхьагъ сэ схуэздэкэри куэд мэхъу.

«Эльбрус» тхылъ тедзапІэр ильэс 90 ирокъу, ар ину бгъэлъапІэнымэ, фІэгъэнапІэфщ, уэыблокІ мыхьуну бжьыгъэщ. АдэкІэ зыгуэр жысІэн ипэкІэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и лэжьакІуэ псоми сехъуэхъуну сыхуейт гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ, гукъинэж яІэну, а насыпыр кьыщежьэ узынщагъэр ябгъэдэлъу.

Къэралым и тхылъ тедзапІэ куэд зэманым и гъэзекІуэкІм здихьащ, республикэ псом ди насыпти, нобэ дгъэлъапІэ «Эльбрус» Іуэхущ Іапі эр хъума хъуащ. Ар зи фІыщІэр абы щылажьэ гупрауэ кьызолъытэ.

Художественнэ литературэм и мызакъуэу, мыбы тхылъу традзэр зыхуэдизыр жьІэгъуейщ, псом ящхьэжьыр ди еджапІэм яджьи тхылъыраци, сроугуфІэ апхуэдизу лэжьыгъэр слъагъуэу.

А тхылъхэм хуагъэув уасэр мащІэщ - псоми хуиту кьащхьэфын щхьэхкІэ абыи мыхьэнэшхуэ иІэщ. «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм щыху дахэ куэд щыслъэгъащ. 70 гъэхэм БгъэжьокъуэУ Заурбэч художник нэхъыщхьэу тхылъ тедзапІэм яшати, абы и деж сыкІуэурэ тхылъ зэращ щыкІэм сыдихьэхри, нобэр кьэзыдэсым си кІуапІэр ди тхылъ тедзапІэщ.

Си гуапэу жысІэну сыхуейт «Эльбрус»-мрэ ди композитораэхэм ятІонтІэ дежи зэпыщІэныгъэ яку зэрыдэлъыр. Апхуэдэу кьыдэкІуэу щытащ Къардэн Хьэсэн, Молэ Владимир, Жырыкъ Заур, Щомахуэ Хьэсэнхий, нэгъуэщІхэми я уэрэдхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр. Си япэ уэрэд тхылъри мыбы щытрадзауэ щытащ. Сабийхэм щхьэкІэ стхахэм ящыщу тхылъищ кьыдигъэкІащ мы тхылъ тедзапІэм. Псом ящхьэжу, си инструментальнэ музыкэр иту «Самшитовый напев» тхылъри нобэ ильэс 90 хъу ди «Эльбрус»-м дунейм кьытригъэхьащ.

Нобэ дгъэлъапІэ ди тхылъ тедзапІэм сохъуэхъу дэни кьыщащІэу, пщІэ хьуауащІу куэдрэ лэжьэну. «Псори мэкІуэдри - уэрэдыр кьонэ» жиІакъэ адыгэм, нэгъуэщІу жысІэнщи, тхылъыр кьонэ, ауэ тхылъым и купщІэр щыиным и деж, ар зытха кьудейр мыхьуу, пщІэкъыр кьыззращІэщ.

ХЬЭЧУПЭ Джэбрэил,
композитор.

Сигу ихуркъым

«Эльбрус тхылъ тедзапІэм и унафэщІу ильэс 12-кІэ, 1977 - 1989 гъэхэм, лэжьа тхакІуэ, ди нэхъыжьыфІ Къэрмокъуэ Хьэмид зыхуэдгъэзащ а Іуэхущ Іапі эм щыщыІа ильэсхэм я гугъу къытхуищІыну.

- Къэрал тхылъ тедзапІэм и унафэщІу ущытыным фІагъыу, псэ тыншыгъуэу хэлъамрэ гугъуехьу пыщІахэмрэ я гугъу уэзгъэщІынут, Хьэмид.

- А зэманыр икІи гухэхьуэт, тхылъ куэду кьызэрыдэкІым тепщІыхьмэ, икІи гугъусыгъут, Іуэхугъуэ зыбжанэм дыкьызэралъхьэр кьэпльытэмэ.

Художественнэ тхыгъэхэр, школхэм зэрыщрагъаджэ учебникхэр, сабий тхылъхэр, кьэхуэтэныгъэ Іуэхущ Іэри уэру кьыдздгъэкІырт. Ильэсым кьриубыдэу тхылъи 150-м щІигъу дуней кьытедгъэхьэрт. Абы, шэч хэмылъу, ди лъэр игъэжант, арщхьэкІэ, зэманыр апхуэдэтэ, дызыхуэныкъуэр Іэджвт. Зэ Москва и «Росглавиздат»-м и унафэм дыщІэтти, ди планым дежи щегъэжьауэ ди лэжьыгъэм хухах мылъкум дежи щышІэкІыжу зыубзыхуэр арат. Мазищым, ильэсым кьриубыдэу кьыздздгъэкІыну дызыхуеиІ тхылъхэр кьыхэтхыкІауэ абы едгъэхьырти, унафэ тращІыхьырт. Планым кьигъэув лист бжыгъэр кьыдэмыкІамэ, ахъшэ кьуамытыххэнри зыхуэІуа щыІэтэкъым. ТхылъымпІэри гъэтыгъуейт абы щыгъуэ, и зэманым кьытхуамышамэ, гъунэгъу хэгъэгухэм щІыхуэу кьыщыщытщтэ кьэхъурт, уеблэмэ.

Иджыри зы сигу кьэкІыж. Ильэсым кьриубыдэу тхуэгъэкъэзырынр дубзыхуауэ, абы хуэфэщэн мылъкури ухахакІэу тхакІуэхэм, усакІуэхэм кьахэкІырт я Іэдакъэщ Іэкі гъэщІэгъэнхэм зэрыщІэныгъэхэм я деж щытхьэсхьэхэр. Унафэ ящІырт апхуэдизкъэм я лэжьыгъэхэр Іэмал имыІэу яхуэдздгъэкІыну, резолюцІэ традзэжьрти нытхуэгъэкІуэжырт. Сыт хуэдэут а щытыкІэм укъызэрикІынур?

ИкъуКІэ лэжьыгъэ гуГъут, пэжыр жьІпэмэ. ЩІэгугъур пщІэн хуейуэ уи пщэ хъыдзхуэратэкъым, абы дыпэлъэщынут, атІэ, зэрыжьыСІащи, щытыкІэ кьызэрымыкІуэхэм укъызэрикІын Іэмалхэр кьэпльыхьуэ зэпыту улэжьэн зэрыхуейрт. Зэманы хуэдэ СІихьыри, сэ сысей зыгуэр стхыну Іэмал кьызитыххэртэкъым. Абы сыкъэІуІыкІжа мужь, илъэсыкІ кьриубыдэу тхылъыплІ кьыдздгъэкІат, тІур сысейуэ, тІур зэздзэкІауэ.

- Узыдэлэжьахэм ящыщу хэт сымэ уигу къина, Хьэмид?

- ЦІыхуфІ, Іэщ Іагъэлі Іэзэ куэдым садэлэжьащ. Абыхэм ящыщу КІуантІэ Іэзид, Балъкъэр Къыльышбий, Кьэжэр Петр, Опрышко Олег, Ацкъан Руслан, Жаным Борис сыкьэ я Іуэху зехьэкІэжьэ я щІэныгъэм сыщІэныгъэ, щІэныгъэ, ныкъуэ.

Тхылъ кьыдздгъэкІыным, лъэпкъ Іуэхум абыхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІауэ икІи хуащІу кьызолъытэ.

- УнафэщІу ущытыху, фхуэзфІэкІам щыщу узэрыгушхуэхэмрэ уи Іэ кьызыпемыкІуэкІахэмрэ кьытхутепсэлъэхьыт.

- Псори зэдгъэхъулІэфащ жыпІэныр, щэч хэмылъу, щхьэгъэпщІэжщ, Іэджи кьэнащ дигу илъауэ зэдмыгъэхъулІэфащэу. Илъэсхэр куэду кьыпщыхьуми, кьалэнхэр нэхъыбэжщи, псоми зэхуэдэу упэльэщыркъым. Сызэрыгушхуэхэм ящыщщ дунейм кьытедгъэхьа тхылъ псори, зыми хуэмыдэжу КІыщокъуэ Алим и Іэдакъэщ Іэкі хэр щызэхуэхьэса тхылъыплІыр, Теунэ Хьэчим и томитІыр, Кулиев Кьайсын, Щоджэнщыкіу Алий, Шинкубэ Бэгырат, Щоджэнщыкіу Іэдэм, КІэрашІэ Темботт, Щорэн Кьасрэ сымэ я тхыгъэ кьызэхахэр, нэгъуэщІхэр.

- Хьэмид, Іуэхущ Іапі эмрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ сыт хуэдэ псалъэхэмкІэ захуэзбгъэзэнт?

- ЕхъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ... Сыт зэманри цІыхум и ГъэгУм тетыр мылъкураци, абы щымыщІэн Іуэхущ Іапі э ухъу. ИщхьэкІэ зэрыщыжьсІаУэ, нэхъапэм гугъуехьу дыдэхуащІ, ауэ ди гугъэри, ахэри хьушэу ирахьэлІэну сы гуапэщ.

Епсэльар
ИСТЭПАН Залинэщ.

Тхылым пщІэ хуэдвгъэщІ

ИЛЬЭС 90 гъэугуанэ кьызэрызыча ди тхылъ тедзапІэм нобэ и Іуэху зытетым утепсэльыкьын ипэкІэ уигу кьыумыгъэжІыжу хьуну кьыщІэкІынкъым иужь зэманым ди гъащІэм кьыщыхъуа, нобэми имыух зэхъуэгъэкІыныгъэ зэхэлъэрыхъыхьахэр, сыту жьІпэмэ, ди кьыдыжьэмэуэ кьэнакъым абыхэм кьыздахьа ефІыри Іейри. Уеблэмэ, кьыджьэхэуэ кьудейкъым, щэнхабзэр, литературэр, псом хуэмыдажу дэ тхуэздэ лъэпкъ цІыкІуэхэм ейхэр, кІуэ пэтми нэхъ гулъытэншэ зэрыхъур кьэплъытэмэ. Мыпхуэдэ щытыкІэм, хабзэ зэрыхъуащи, е уи лъэр щІегъэху, е уи ерыщагъым хегъахъуэ. Дэ нэхъ ерыщ хъуахэм дащыщу жысІэнут, ауэ сыт хуэдизу умыерыщыну, уи лъабжьэр щыщІаудым деж, уипкъри къотІасхъэ. Дауи, абы кьиКІыркъым ди лъэр щІэхуауи. Апхуэдэ хуитныгъэ кьыдидтырхьым дызыпэрыт Іэнатіэм лъэпкъым дежкІэ иІэ мыхьэнэм. Арати, ди пщэ кьыздахуэ лэжьыгъэхэр зэрытхуэгъэзащІэр куэдкІэ ельытащ лІыгъэуи, щІэныгъэуи, зэфІэкІыуи диІэр ящІэзэрытхуэгъэсэбэпым. Ахъшэу кьытхуэтІыпщым кІуэ пэтми, типографиер ДиІэжьхэжьым, тхылъ кьыздздгъэкІуэр зыщІэущІа Іуэхущ Іапі эхэр зэхахьутэжащ, ди Іэпэ кьызыпемыкІуэкІ нэгъуэщІ ныкъуасныгъэхэри гъунэжщ, жьІпэу дытхьэусыхьэу дыхэхэсхІэ, ди Іуэхур зэрздэмыкІыну, дауи, фІыуэ дощІэж. Дауэ дехъулІэрэ-тІэ нобэ кьытпэщыт кьалэнхэм? Сэ зи гугъу сщІынур адыгэбзэкІэ тхылъ кьыздзыгъэкІ редакцэращи, абы и лэжьыгъэм кІэщІ дыдэу сыкьытеувыІэнщ, зыщытхьэжи зыубыжи хэмылъу.

Сэ лэжьэн щыщІэздзауэ щытар мы тхылъ тедзапІэрат, ильэс 50 нэблагъэкІэ уэзгъэбэкІыжмэ. Абы щыгъуэ, щэч хэмылъу, тхылъ тедзапІэм и Іуэхур нэхъ екъэжьат, тхылъ бжьагъу кьыдагъэкІымкІи, ахэр зытеуухамкІи, тхыгъэхэм ахъшэу кьыпэкІуэмкІи. Нэхъ зызымыкІуэжу кьэнар ляжьакІуэхэм я упахуэрщ. Ар щІэгъуэлъапІэ ди щыгъуэми, нобэми ахуэздзащ, тхылъ тедзапІэм и лэжьакІуэхэм я щІэныгъэмрэ я пщэм кьыдэхуэ кьэлэнхэмрэ кьыззрыгуэкІ дыдэу пхужьмыІэнуми. Ауэ абыи ещхьащ мыбыщыплажьэхэр. «Лъэпкъ Іуэхущ фэ зефхуэр, абы щхьэкІэ лейуэ гугъу зевгъэхьыфу фыщытын хуейщ», - кьыжраІа нэужь, падзыжьнІа хуейуэ кьалъытэркъым, лъэпкъ Іуэху лъэпкъ зезымыхуэхэм апхуэдэ лъэпкъ памыуБыдми.

ИщхьэмкІэ зэрыжьэсІащи, сэ ящэ мы тхылъ тедзапІэм лэжьэн зэрыщыщІэздзэрэ ильэс 50 хуэдиз дэкІащ. А зэманым кьриубыдэу мы бы лэжьыгъэу щаІэтам и лъэужьхэр дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми щыплъагъунущ. Мы иужь ильэсхэм кьыздгъэжІхэм адыгэ тхылъедджэхэм хуащІ гулъытэрэ нэхъ мащІэу кьыщІэжІыкъым. Апхуэдэу урегъэгупсыс адыгэбзэм, адыгэ тхакІуэхэм ятеухуауэ клубхэм, школхэм, сабий садхэм щІэх-щІэхьуэрэ щекІуэкІ зэІущІэхэм. Абыхэм сыт щыгъуи кьызэрыщыщІахэущи, адыгэбзэкІэ кьыдзкІ художественнэ тхыгъэхэри, школхэм зэрыщеджэ тхылъхэри хэпщІыкІыу ефІэкІыщ. ЖьІпІэ хъунущ, абы фэрыщІагъ хамылъхьэу, сыту жьІпІэмэ, иужь ильэс зыгъэхухьым ильэс къэс хуэзэу школхэм папщІэ адыгэбзэкІэ тхылъ тІощІырыщІыщІыгу кьыдыдогъэкІри, зы кьыдзкІыгъуи къэмыпэу ахэр идогъэфІэкІуэж, зытхэр эр е редакторхэр хэлъжьыхьыжрэ. Апхуэдэу иджы дэ дідэ хъуащ еджакІуэхэр учебникхэм зэрелэжь тетрадрэр, егъэджакІуэхэм папщІэ чэнджэщэр зэрыт тхылъхэр. Ахэр зэхэлъхьэным кьетшэлІауэ щытащ республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр. Ди гугъэщ ахэри кьыдзкІыгъуэ ящэ едгъэфІэкІуэжурэ теддзэжыну. Мы иужьрей ильэс зыщыплІым зэфІэдгъэкІа нэхъ лажьыгъэшхуэхэм ящыщщ ильэс куэд щІауэ ухабжьу дызыхуэныкъуэ псалъэлІэ зэмылІэужьыгъуэу зытхух кьызэрыздэдгъэкІари. Ахэр псынщІэ дыдэу зэбгрыкІащ. Художественнэ тхыгъэхэм я гугъу пщІымэ, кьыхэзгъэщІыну сыхуейщ Шортэн Аскэрбий и тхыгъэ щІэрыуэ «Бгы-рысхэр» жьхуиІэр зы тхылъышхуэу кьызэрыздэдгъэкІыжр, томиплІри кьызэщІиубыдэу, Нало Заур и тхыгъэ нэхъыфІ дыдэхэр щызэхэхьэсауэ томищ дуней кьызэрытехьэр, Къэрмокъуэ Хьэмид и «Тхыгъэ щхьэхуэхэр». Апхуэдэу щхьэдджэхэм яІэрыхьащ МафІэдэ Сэрэбий, Мэзыхьэ Борис, Жьлэтэж Сэлэдин, Гъэунэ Борис, Ащыж Борис, КІэбышэ Лилэ сымэ я прозэ тхыгъэхэр.

ФэрыщІагъ лъэпкъ хэмылъу жьІпэмэ, ахэр сыт хуэдэ утыкушхуэ ипхьэми, узытемыкІытыхьын лэжьыгъэщ. Апхуэдэ дыдэу яхужьІпІэ хъунущ Бещтокъуэ Хьэбас, Ацкъан Руслан, Бицу Анатолэ, Уэрэзей Афлик, Къуныжь Хьэ-Іишэт, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ я усэ тхылъхэмэ.

Нэхъ мащІэІуэщ сабийхэм папщІэ кьытхудэгъэкІар - илъэсыкІ хуэзэу зы тхылъ-тхылъитІщ. Ауэ мыбдеж кьыщыхьэзгъэщІыну сыхуейт напэкІуэщІ 500 хуэдиз хуэ «Сабийгъуэ» тхылъыр, сабий садэхэм, пэщІадзэ классхэм щеджэхэм папщІэ гъэщІэрэщІауэ кьыздэкІар. Апхуэдэу кьэгъэльэгъуапхъэщ «Школ библиотекэ» серием хэту ди усакІуэ нэхъыфІхэм я тхыгъэ хьыхьэхэр, тхакІуэ, усакІуэ нЫбжьыщІэхэм я тхылъхэр Іэмал зэриІэкІэ илъэс къэс кьызэрыздэгъэкІар.

Илъэс блэкІахэми хуэдэу, мы гъэми ди тхылъ тедзапІэм гулъытэ нэхъыбэ зыхиущІынур школхэм зэрыщеджэ учебникхэрщ. Художественнэ тхыгъэхэм я гугъу пщІымэ, кьыздгъэжІыфыну догугъэ мы гъэм зи юбилейхэу Хьэх Сэфарбий, Бещтокъуэ Хьэбас, АфІэунэ Пиуан, нэгъуэщІ зыбжанэми я Іэдакъэщ Іэкі хэр. Ауэ сыт щыгъуи хуэдэу ди хъуэпсапІэу кьонэж сабийхэм папщІэ тхылъ гъащІэрэщІа «кьопсалъэхэр» тхылъымпІэ Іувкіэ тедзауэ кьыздзгъэкІыну, «Нартхэр» адыгэ эпосыр зыхуей хуэзэу гъэхьэзырауэ, сурэт хуэфэщэнхэмкІэ гъэщІэрэщІауэ, а эпос дыдэр сабийхэм папщІэ тхыжауэ тхылъыпІэхэм я пащхьэ итлъхьэну. Нэхъ лъагэму уд эІэбэймэ - адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрадж тхылъхэр щІэрыщІэу зэхэлъхьэжауэ, ахэр кьэзыгъэсэбэп лъэныкъуэ псоми гунэс ящыхьын хуэдэу кьыздгъэкІыжьыну. Ар зэгуэр тхуэздэмыкІымэ, арыншами Іэпэдзгъэлэл тщІа ди анэдэлъхьэзэм ди сабийхэр гущІыІэ дыдэ хуэтщІынкІэ шынагъуэ щыІэщ.

Си тхыгъэ кІэщІыр сухыну сыхуейт тхылъ тедзапІэм и лэжьакІуэ дэтхэнэми кьывжиІэнкІэ хьуну псалъэхэмкІэ: тхылъыр кьыдзкІыным хуэбгъэхьэзыр ар тхылъедджэхэм я тхылъ-едджэхэм я деж нэбгъэсыным мазэ бжыгъэм щегъэжьауэ илъэс бжыгъэм нэс ехъ, мылъкуу текІуадэм и гугъу тщІыхэзнкъым. ПщІэ хуэдвгъэщІ тхылъым!

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен,
адыгэбзэкІэ тха тхылъхэр кьыдзкІыным хуэзыгъэхьэзыр кьудамэм и унафэщІ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Адыгэбзэкіэ тха тхылъхэр кьыдзкІыным хуэзыгъэхьэзыр кьудамэм и лэжьакІуэхэр.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэр илъэс 90 ирокъу

Сыт псоми я лъабжьэ хъуар?

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм сэбэп ин зыпылъу илэжьа Iуэхугъуэхэм ящыщ зы газетым еджэхэм ягу кьэзгъэкIыжыну сыхуейт. Совет къэралыр щаухуэм лъыгъажэкIэ ящIа революцэм и ужькIэ зы къэрал гуэрми къыщамыгъэсэбэпауэ щэнхабзэм теухуа революцэ ирагъэкIуэкIащ: къызэIуахащ еджапIэхэр, кьыдагъэкIыу щIадзащ газетэхр, журналхэр, зэреджэ тхылъхэр, н. къ. А псоми я лъабжьэ хъуар тхылъ тедзапIэхэрщ. Абы къеIуэтэ а Iуэхущапlэм мыхьэнэуэ иIэр зыхуэдизыр. Сабийхэри балигъхэри еджэныгъэм, щIэныгъэм илъэс куэд ипэкIэ хэзышахэм ящыщщ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэри.

БалъкъэрыбзэкIэ тха тхылъхэр къыдэкIыным хуэзыгъэхьэзыр къудамэм и лэжьакIуэхэр.

УрысыбзэкIэ тха тхылъхэр къыдэкIыным хуэзыгъэхьэзыр къудамэр.

Сурэтым щыфIлъагъу псэущхьэр зэрымыщIэкIэ ди напэкIуэцIым къихутауэ фимыгугъэ. Мыр гъэщIэгъуэнщ: ажэ цIыкIур щепха щIыпIэ дыдэм и дежщ иджыпсту «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр здэщыгыр. ИтIанэ жьIэф ар дамыгъэ гуэру къэмылъытапхъэ.

Налшык, 1938 гъэ

Ицугъу сщIыкъым тхакIуэхэм, усакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, журналистхэм я Iэдакъэщ1экIэхэу къыщыдэкIам я куэдагъым, абыхэм редакторхэм, корректорхэм я гуащIэу халъхьам и инагъым. А псор лъэпкъым и пщIэр, и зэхэщIыкIкIэ къэзыIэт Iуэху щхьэпэщ. ЗыкIи нэхъ мащIэкъым тхылъ тедзапIэм ди школхэм яхуилэжьахэр. Къэбжьгъуейщ учебникэу къыдигъэкIахэр. Мыбдежьым къыщыжыIэпхъэщ Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэ тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр, сабийхэм я учебникхэр къыдагъэкIыныммкIэ «Эльбрус»-р щIэгъэкъуэныщхъуэ зэрыхъуари. Къэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я учебникхэр щхьэхуэщхьэхуэу къыдагъэкI куэд щIауэ. Къэбэрдейхэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым иц адыгэхэмрэ яйхэр зэгъуэзу традзэ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъыр зэкIащIэчэ мыхъуныммкIэ. Ар зи фIыщIэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэрщ, и лэжьакIуэхэрщ. Пэщщ, зы зэман, щэрджэс тхакIуэ гуэрхэм я зэранкIэ, адыгэ литературэр зэрадж учебникхэр зэгуахат, ауэ иужьрей илъэсхэм а щыуагъэр ягъэзэкIуэжащ, нобэ литературэри зэгуагъэхьэжащ. А зэман зи гугъу сщIыми щэрджэс усакIуэ, тхакIуэ зыбжанэм я тхыгъэхэр къыщыдэкIар Къэбэрдей-Балъкъэрыщ. Апхуэдэхэщ Бемырзэ Мухьэдин, Пхъэш МуIэед, Тхьэгъэпсэу Увжькъуэ сымэ я усэ тхылъхэр.

ФIыщIэ хэха яхуэфащэщ тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Русланрэ редактор Джэрыджэ Арсенрэ, урысыбзэкIэ тхэ Адзын Мухьэмэд Iэмин и къуэм (адыгэбзэкIэ тхэ Адзын Мухьэмэд хэвмыгъэгъуащэ) и романитIыр («На берегах моей печали», «Непокорённые») къызэрыдагъэкIамкIэ. Зытеуха темэмкIэ ятхахэм я нэхъыфIхэм мы романхэр ящыщу къызолъытэ сэ..

Школ учебникхэу щэрджэс еджакIуэхэм иужьрей илъэсхэм яIэрыхьхэхэм ахъшэ лей щIатакъым, уеблэмэ нэхъ пуду кьахуэкIуащ. Ари зи фIыщIэр «Эльбрус»-м и унафэщIхэрщ, и лэжьакIуэхэрщ.

Тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэм инжыдждэсхэм кьабгъэдэкIыу сохъуэхъу узыншагъэ быдэ яIэну, я екъулIэныгъэхэр бэгъуэну, дяпэкIи дэнэ щыпсэу адыгэхэми сэбэп яхуэхъуну, я фIыщIэри мыкIуэдыну.

БАКIУУ Хъанджэрий,
филологие щIэныгъэхэм я доктор.

ЕтщIэкIыр фащэу

Сэ щIэщIу и гугъу фхуэсщIыну сыхуейщ ди лэжьыгъэ кIыхьлIыхьым, мазэ бжьыгъэм къыщыщIэдзауэ илъэсым нэс къызэщIэзыубыдэм.

Илъэс къэс, гъэмахуэхэм ирихьэлIэу, дэ зэхыдогъэувэ къыдэдгъэкIын хуей тхылъхэм ятеухуа тематикэ план. Абдежым щегъэжьауэ псори дызэдолажьэ - тхьэмадэр ди пашэу къудамэхэм я унафэщIхэр дызэхотIысхьэри, дэтхэнэ зы тхылъми и теплъэр, жинтыр, жыпхъэр, форзацыр, плянфхэр зыхуэдэнуми, нэгъуэщI куэдми дытопсэлъыхь, ахэр доубзыху. ЖыпIэнурамэ, зытхам, ар зытеухуам, зыхуэгъэза щIэджыкIакIуэхэм, нэгъуэщIхэми елъытауэ тхылъ къэс фащэ яхудощI.

Абы къыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэр нэхъыбэу зейр сэращ - тхылъым хуэзыну мылъкур кьызобжри, ар типографием идот. Мис абы къытхуагъэув уасэм, тхухах ахъшэм елъытащ тхылъыр зэрыхъунур: пса дыдэри ди кьарум елъытакъым жыхуэсIащ.

Редакторхэм Iэрытхэр зыхуэй хуагъэза нэужь ди кьудамэм кьахь. Ар художественнэ кьудамэм идот, художникыр йолэжь. КъыкIэлъыкIуэу техническэ редакторхэм - Мокаевэ Нагифэ е Ибрэхьим Валерэ - яIэрохьэ. Ахэр зи кьалэнхэр нэсу зыгъэзащIэ, зи IэщIагъэм фIы дыдэу хэзыщIыкI лэжьакIуэхэщ. Разметкэм кьыкIэлъокIуэ вёрсткэ зыщIынур кьыхэхьыныр. Сыхуейщ операторхэм я цIэхэр кьисIуну. Ахэр: Тхьэмил Анжелэ, Хульчаевэ Марьянэ, Ольмезовэ Iэминэ, Хьэх Марие, Фадеевэ Ларисэ сымэщ. Апхуэдэ кьэхъуркъым жаIэнри хэльщ, ауэ ахэр гугъэзагъэу лажьэ защIэщ, дэтхэнэ зыми си щхьэкIэ сыхуэзарэзыщ.

Тхылъыр хьэзыр хъуа иужькIэ авторым, редакторым, корректорым зэуэ ядотри, щыми тхылъым иращIар зэхэтлъхьэжурэ зыбжанэрэ зыдогъэзэхуэж. Хьэзыр хъуа тхылъыр типографием идот традзэну. Типографиеу тIум дадолажьэри, абыхэм дагъэрыIуэу, жьитIэр зэхахрэ езыхэм я Iуэху еплъыкIэхэри кьэтлъытэу апхуэдизу.

ЛIУПI Лидэ,
производствэ-техникэ къудамэм и унафэщI.

Сэ къызэрыслъытэмкIэ, цIыху акъылым къигъэщIа псоми я нэхъыщхьэр тхылъ къыдэгъэкIынырщ. Зэ къыдэкIа тхылъыфIым и мыхьэнэр ищ, ар зытеухуари абы къыщыIэта гупсысэхэри быдэу епхащ цIыху гъашIэми. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, тхылъыр ар езыр цIыхуэм и гъашIэщ. ЩIэныгъэри гъэсэныгъэри куэдкIэ елъытащ сабийм япэу къыIэрыхьэ тхылъхэм, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тхылъхэм абы къыхуэзIуах и акъыл зыхунэмысым куэд, зэи имылъэгъуэ, къимыхута дуней. Аращи, лъэпкъым и къэкIуэнур куэдкIэ елъытащ абы и щIэблэр зэджэ тхылъыбзэ.

ЛъэпкъыР бгъэкIуэдыну ухуеймэ - тхылъ къыдумыгъэкI. Лъэпкъыбзэр зыхуэмэным, зегъэужьыным къищынэмыщIауэ, гъашIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэри кьэзыгъэнахуэр, дунейм сыт щIэкIуэкIми щыгъуазэ узыщIыр, литературэм, гуязэджэм, щэнхабзэм, тхыдэм, щIэныгъэм ухэзышIэр, уи гупсысэр, уи IуэхуеплъыкIэр кьэпIуэтэну Iэмал кьозытыр, уи хьэл-щэнкIэ зыухуэр - псори тхылъраущ. Араус кьыщIэкIынщ инджкIыз астроном, музыкант, композитор, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гершель Уильям и зэманым щIитхар: «Уи лъэпкъым зэджэну хуэбгъэльагъэр кьыхужеIи, ухэтми бжесIэнщ».

Илъэс бгъуащIым кьриубыдэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм щIэджыкIакIуэхэм яхуигъэльагъуа тхылъхэм я купщIэмрэ я мыхьэнэмрэ я инагъыр кьэлъытэгъуейщ.

Илъэс тIощIым нэблэгъауэ сыдоплажьэ мы Iэхущапlэм. А зэманым кьриубыдэу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ тхылъ тедзапIэмрэ зэделэжьащ адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ, КъБР-м и тхыдэр, географиер, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр, музыкэр школхэм зэрыщегъэджьэпхъэ тхылъхэр иджырей мардэхэм кьагъэуэ зэхъуэкIыныгъэхэр кьэлъытауэ къыдагъэкIыжьыным. Правительствэм и унафэкIэ къащта «2007 - 2011 гъэхэм лъэпкъыбзэхэр зэрыгъэлажьэ тхылъхэр гъэсэфIкIуэн» программэр зэдагъэзэщIащ.

Къыжьыпхъэщ «Эльбрус»-м и лэжьакIуэхэр абы щхьэкъэIэт ямыIэу яужь зэритар. Къапщтэмэ, зэхъуэкIыныгъэфIхэр иIэу къыдэкIащ 1 - 11-нэ классхэр адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ зэреджэн тхылъхэр, егъэджэныгъэм теухуауэ къащта хабзэщIэхэр къэлъытауэ, лъэпкъыбзэхэр зэрегъэджьэпхъэ методикэ чэнджэщхэр я гъусэу. Программэм хэмыхьауэ адыгэбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ, адыгэ литературэмкIэ, балъкъэр литературэмкIэ зэрылажьэн тетрадзэр тхылъ тедзапIэм и кьарукIэкъыдэкIащ. Мыадыгэ, мыбалъкъэр сабийхэм ящыщу бзитIым языхэзыр зыджыну гупыж зыщIащхэм папщIэ 1 - 8-нэ классхэм я тхылъхэри, тетрадхэри, методикэ чэнджэщхэри къыдэкIащ. А псом къищынэмыщIауэ, 1 - 2-нэ классхэм щIэсхэм папщIэ математикэмрэ дунейм зэгъэуэззэмкIэ тхылъхэр, тетрадхэр адыгэбзэкIи балъкъэрыбзэкIи зэдзэкIауэ дунейм къытехьащ. КъБР-м и тхыдэр, географиер, лъэпкъ щэнхабзэхэр зэрадж тхылъхэри егъэфIэкIуауэ къыдэкIыжащ. Гульытэншэу къэнакъым си школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэри. Дэтхэнэ зы тхылъри ефIэкIуэным елэжьар авторхэмрэ министерствэм къызэригъэпэща гупхэмрэ я закъуэкъым - тхылъ тедзапIэм и редактор гумызагъэхэр, корректор нэжанхэр, художникхэр - зыми лъэкI кьагъэнакъым щIэблэм я пащхьэ иралъхьну тхылъхэр ефIэкIуэн папщIэ.

КъыхэгъэщIыпхъэщ: еджакIуэхэр зэрегъэджапхъэ тхылъу 116-рэ егъэфIэкIуауэ я щIэуэ къыдигъэкIащ тхылъ тедзапIэм 2007 - 2015 гъэхэм къриубыдэу.

Пэжщ, зэманым кьигъэув зэхъуэкIыныгъэхэм лъэщIыхьэгъуейщ, абы ипкъ иткIэ псори арэзы зыщI тхылъ кьыпхудэгъэкIыну къыщIэкIынукъым, ауэ къыдэкIыгуэ кьэс тхылъхэр нэхъыфIыжь зэращIыным яужь итщ авторхэр - тхылъыр зи Iэдакъэ кьыщIэкIа-хэмрэ тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэмрэ. Ахэр кIэлъопль тхылъхэр еджакIуэхэм я ныбжьым елытауэ гурыIуэгъуэу, зэхэщIыкIыгъуафIэу щытыным, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм гу лъаригъатэу, нэхъыбэж къызэращIэным хуигъэпабгъэу, сурэткIэ екIуу гъэщIэрэщIауэ, ФГОС-м кьигъэув мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъу Iэмэпсымэу еджакIуэ цIыкIуэхэм къаззрихущIэкIыным, тхылъым кIуа текстхэм я фIагъым, лэжьыгъэхэм хуэгъэува упщIахэм я ухуэкIэм, нэгъуэщI куэдми гупытэ хуящIу.

ФIыщIэ псалъэкIэ захуэгъэзапхъэщ тхылъ тедзапIэм редактору куэдрэ щылэжьа Бицу Анатолэ, Мыкъуэжь Анатолэ, Сонэ Абдулчэрим, нэгъуэщIхэми, нобэ тхылъхэм зи нэIэ тет Джэрыджэ Арсен, Мэлей ФатIимэ, Елъхэн Маринэ, Бекъан Масирэт, художник Алий Юрэ, балъкъэрыбзэкIэ къыдэкI тхылъхэм я редакторхэу Додуевэ Iэсият, Табакоев Мухътар сымэ.

УмыгъэщIагъуэу кьанэркъым тхылъ тедзапIэм и унафэщI Ацкъан Руслан и гумызагъагъэр. КъыдэкIыгъуэм хуагъэхьэзыра тхылъ псори щIиджыкIащ, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, авторхэр зэхуишэсурэ куэдрэ здгурэлэжьэжащ, къыгурымыIуэу, зэIуб3 имыщIауэ зыри зэрублимыгъэкIыным хэгащ.

Дунейм, гъашIэм, политикэм, экономикэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэ щымыIами, сыт хуэдэ гугъуехьым Iумыуами, тхылъ тедзапIэм и лэжьыгъэр зэи къэувыIакъым, ноби и тхылъ хьэлэмэтхэмкIэ дегъэгуфIэ. Абы къыдегъэкI тхылъ зэмылIэужьыгъуэ куэд: художественнэ тхылъхэр, щIэныгъэ, IэщIагъэ щхьэхуэхэм теухуахэр, псалъалъэхэр, справочникхэр, щIэнгъуэзэхэр, учебникхэр. Ахэр кьыдокI КъБР-м и къэралыбзийкIэ тхылъхэми. Дэтхэнэ зыми ущымигуфIыкIыу кьанэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тхылъыр блэкIамрэ кьэкIуэнумрэ зэпызыщIэщ, зэрыжьысIащи, лъэпкъым и гъашIэр тхылъым IащIэлъащ. Тхылъым и гъашIэр зыIэщIалъыр авторхэмрэ тхылъ тедзапIэмрэщи, тхылъыфIхэмкIэ щIыхуэр вгъэгуфIэу куэдрэ узыншэу фи Iэнатlэм фыпэрытыну сыныводохъуэхъу «Эльбрус»-м щылажьэ псоми.

БАЛЭ Людмилэ,
УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

Иджырей мардэхэм къагъэув Iуэхухэр

«Эльбрус»-р къыщIэзэIуаха япэ махуэхэм щегъэжьауэ мыбы щытрадзэ адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ тха тхылъхэр, ахэр псори зыхуэгъэпсар ди щIэблэр псэ хьабзэу къэгъэтэджныщ, щIэныгъэ егъэгъуэтыныщ. Си нэIэм щIэтщ балъкъэрыбзэкIэ тха тхылъхэр гъэхьэзырыныр. Ди лъэпкъыбзэкIэ дунейм къытехьэ тхылъхэм я гугъу пщIымэ, «Эльбрус»-м япэу балъкъэрыбзэкIэ къыдигъэкIар школхэм зэрыщеджа учебникхэрамэ, иджыпсту дэ догъэхьэзыр художественнэ тхыгъэхэри, щIэныгъэхутэ лэжьыгъэхэри, сабийхэм яхуэгъэзахэри, нэгъуэщIхэри. Щхьэхуэу абыхэм я цIэ къисIуэнкъым, ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ дунейм къытедгъэхьэ тхылъхэм щIэупщIэ зэраIэр, зэращэхур.

Сытым дежи гулъытэ хэха худоущI балъкъэр классикхэм я лъабжьэхэм, апхуэдауи тхэн щIэзыдзащIэхэмрэ я къалэмыпэм къыщIэкIакхэмрэ. Ар зызымыхъуэж хабзэфIу кьыддогъуэгурыкIуэ.

Тхылъыр тельыджэм и тельыджжэу зэрыщытыр си щхьэкIэ си фIэщ мэхъу. Си гугъэщ интернетми ар пэлъэщыну, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэ куу кьэозытыфынур, уи псэкупсэм зезыгъэужьыфынур тхылъырщ.

ДОДУЕВЭ Iэсият,
балъкъэрыбзэкIэ тха тхылъхэр къыдэкIыным хуэзыгъэхьэзыр къудамэм и унафэщI.

Ерыщагъ мыкIуэщI

Жэщ-махуэ имыIэу лъэпкъым, цIыхубэм я щэнхабзэм, я зэхэщIыкIым, я къэкIуэнум хуэлажьэ Iуэхущапlэхэм я цIэ кьыщитIуэкIэ, псом япэу зи гугъу щIын хуейр, дауи, тхылъ къыдэгъэкIыным елэжьраш. Мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапIэр. Ар лIэщIыгъуэ ныбжьым иджыри нэсакъым, ауэ лэжьыгъэу къызэринэкIам щIэрэ гъунэрэ имыIэу жыпIэмэ - щыуагъэкъым.

Сэ тхыдэр зыджэм сащыщщ. Абы и гъэныкъуэкIэ лэжьа хьуам кIэщIу и гугъу сщIынут. Тхыдэм екъулIа хьыбар нэпцIхэм дызэрыт зэманым бжьыпэр яубыдащ. КьызыхэкIахэр пщыра уэркъ лъагэу лъэхъэнэ жыжьхэзэм щытауэ ди фIэщ ящIыну куэд дыдэ хущIокъу, абы щыгъуэми зы пасэрей мэкъумэшыщIэ имыуасэу. Апхуэдэ щытыкIэр щIэныгъэншагъэм, акъылыншагъэм кьыщынэркъым - кьызыхэкIар егъэпэд, езыри егъэикIэ.

Мис апхуэдэ еплъыкIэхэр гъэмэщIэным, гъэкIуэдыпэным теухуауэ тхылъ тедзапIэм лэжьыгъэ щхьэпэ иIэщ. Абы и щыхьэт наIуэщ «Адыгская историческая серия», «Балкарская историческая серия» фIэщыгъэ щIэщыгъуэхэр я лъабжьэу иужьрей илъэс зыбгъупщIым дунейм къытехьахэр (жэуаплыхэр Ацкъан Русланрэ Додуевэ Iэсиятрэщ). Ахэр адыгэ, балъкъэр тхыдэхэр щIэныгъэм и хабзэ ткIийкIэм емыбакъуэу джынымрэ щIэблэм я пащхьэм илъхьэжныкIэ щапхъэ гъуэзэджэщ, дэтхэнэ зы авторри зыдэплъейпхъэщ.

Ди Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал тхылъ тедзапIэ закъуэм хуэгъэза псалъэм кьыхэгъэщIапхъэщ абы нобэ щылажьэ дэтхэнэ зыри. Псом хуэмыдэу и унафэщI Ацкъан Руслан. Ар куэд лъандэрэ соцIыху. Илъэс зыбжанэкIэ зы пэш дыщыязэдэлажьащ. И лэжьыгъэм куууэ сыщыгъуазэу жыслэмэ, пцIы сIэщIэкIыркъым. И къару еблэжьыркъым. ПщIэрэ щхьэрэ зиIэ усакIуэу зэрыщытым кьыдэкIуэу, зэдзэкIакIуэщ (Лермонтовым и кавказ поэмэхэр адыгэбзэкIэ езы дыдэм итхауэ кьытщегъэхъу). И пIэ кьиувэн бгъуэтынкъым жыхуаIэм хуэдэ редакторщ. Адыгэ унэцIэхэм я тхыдэм, я кьекIуэкIыкIам теухуа си япэ тхылъым, 1989 гъэм Совет Союзым щыяпэу кьыдэкIам, и редактору щытащ.

Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэрэ тхылъ тедзапIэм щIэх-щIэхьыгъэ сыщIохьэри, сопъагъу Руслан тхыгъэ гуэркэр зэригъэзэхуэжу, убгъэдыхьэпэрэ уеплъыкIэ - мымащIэу тетхьэхьыжу, кьуритхыкIыжу. Ар нэгъуэщI унафэщIхэм ещхьы, моуэ фыхъу, моуэ фыщIэ жиIэу, унафэ мыфрэмыцхэр и лэжьакIуэхэм кьахуигъанэрэ зи щхьэ Iуэхухэм кьрахуэкIым щыщкъым. Си гугъэмкIэ, тхылъ тедзапIэр узыншэу зэман мытынышым зэрызэфIэтыр зыкъомкIэ абы и фIыгъэщ.

Руслан и къуэдзэ Додуевэ Iэсият цIыху гуапэщ, зэпIэзэрытщ, упщIэ гуэркIэ зыхузбгъэзамэ, гупсэхуу жэуап тэмэм къует.

Сэ сцIыху дэтхэнэми псалъэ гуапэ кьелэжь, ауэ хьыхэзгъэщыну сыхуейщ урыс литературэмкIэ редактор нэхъыщхьэ Куэшбей Джамболэт. Адыгэлъ зыщIэту урысыбзэкIэ тхэхэм кьахолыдыжьэ. Жэуаплынигъэшхуэ зыпылъ и Iэнатlэмкlэ тхылъ тедзапIэм купщIафIэу икIи дагъэшнэзу зыщIагъэхьуэф. Зи гугъу сщIахэми, зи цIэ кьисIуэну сызыхунэмысахэми фи махуэ льапIэмкIэ сыныводохъэхъу, узыншагъэ быдэрэ гукъыдэж мыужьыхэрэ фыщымыщIэу, ерыщагъ мыкIуэщI фхэпIу льэпкъ щэнхабзэм и курыкупсэ фызыхэтым дяпэкIи екъулIэныгъэкIэ фихуэпэжьэну!

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий,
тхакIуэ-тхыдэдж.

Щыхьэт наIуэ

Сэ жэуап зэрысхьыр урысыбзэкIэ къыдэкI тхылъхэращи, абыхэм тIэкIу сателсэчъыхьыну сыхуейт.

Иужьрей зэманым ди тхылъ тедзапIэм лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн куэд къызэрыщыдэкIым псори щыгъуазэщ, ауэ псом хуэмыдэу щIэупщIэ иIэщ серие жыхуэтIэхэм. Псалъэм папщIэ, «Да лъахэгъу цIэрыIуэгъэ» жыхуиIэ сериер 2001 гъэ лъандэрэ къыдокI. Абы щыщ япэ тхылъыр адыгэ гъашIэм цIэрыIуэ КIурауэ теухуауэ щытащ. Иужькlэ къыдэкIащ цIыху цIэрыIуэ куэдым ятеухуа тхылъхэр: «Тимбора Мальбахов: Говорил тихо - слышали все», «Алим Кешоков: Всадник чести», «Кязим Мечиев: Я один из вас, я жил...», «Кайсын Кулиев: Вечен тот, кто вечному внимал». Щхьэхуэу къыхэгъэщын хуейщ дуней псом къыщащIыху ди щIэныгъэлIхэу Энеев Тимуррэ («В начале мироздания был только свет») Къуажэуэ Мурадинрэ («Опередивший время») ятеухуа тхылъхэр. Дунейм къыгъэхьащ усакIуэ гъуэзэджэхэу Зумакуловэ Танзиля, Тхьэгъэзит Зубер, Къэшэж Иннэ, Мокаев Магомет, Мэшбащ1э Исхьэкъ; сурэтыщI цIэрыIуэ Шемякин (Къардэн) Михаил, УФ-м и «Кабарда: история и фамилии», Дзэмыхь Къасболэт и «Адыги - вехи истории», Сабанчиев Хьэжы-Мурат и «Балкарцы: выселение и возвращение», Бгъэжьнокъуэ Барэсбийи и «История этнографии адыгов», щIэныгъэлI гупым зэхалъхьа «Фольклор карачаевцев и балкарцев в записях и публикациях XIX – середины XX века» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри. Си гугъу тщIахэм нэмыщI, «Животный мир Кабардино-Балкарии» жиIэу серие къыдыдогъэкI, абыи щIэупщIэшхуэ иIэщ. Си гугъу тщIа сериехэр тхылъ тедзапIэм и зэфIэкIым зэрыхэхъуэм и щыхьэтщ.

Щэнхабзэр льыгъэмырэ бзэр зэтеIыгъэнымрэ зэфIэкIыу фиIэ псори ивохьэлIэ.

Зыщыбгъэгъупщэркъым ди композиторхэри. Абыхэм я Iэдакъэщ1экI нэхьыфIхэр щIэх-щIэхьыуэ тхылъ щыхьэхуэу къыдыводогъэкI. Ди республикэм и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ ахэр.

Илъэс 90-р ныбжь екIуащ. ЕкъулIэныгъэ иIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр дяпэкIи илъэс куэдкIэ республикэм хуэлэжьну сохъуэхъу.

ТЕМЫРКЪАН Борис,
КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI.

3 - 4-нэ напэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

ЕфIакIуэ, Iуащхьэмахуэ и цIэджэгъу!

УСАКIУЭХЭМРЭ тхакIуэхэмрэ литературэм щач япэ лъэбакъуэхэри, иужькIэ яIэ творческэ екъулIэныгъэхэри абыхэм ядэзыгуэшыр, шэч хэмылъу, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр наIуэ къыщыхъури, ар зыдэтIагъэури мы Iуэхущапlэрщ.

Тхылъ тедзапIэр, ди щIыналъэм и лъэпкъэр зыкъуэгушхуэкIэм ящыщ зыщи, дэри ар тхуэмэнри ди кьалэн нэхъыщхьэщ.

Творческэ екъулIэныгъэ, зэфIэкI лъагэ, узыншагъэ фиIэну!

БЕППАЕВ МутIэлип,
КъБР-м и ТкакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

* * *

ЩЭНХАБЗЭР щIэгъэкъуэн лъэщ щыхуэй, лъэпкъыбзэхэр хуымэныр кьалэн нэхъыщхьэу жыларэ, гъуэм кьыщыпэщIт эзманым хэлэжьыкI тхылъ тедзапIэм итщ кьыпхуэмыльытэн хуэдиз щхьэпэщ. Щэнхабзэр льытэныр бзэр зэтеIыгъэныр зэфIэкIыу фиIэ псори ивохьэлIэ.

Зыщыбгъэгъупщэркъым ди композиторхэри. Абыхэм я Iэдакъэщ1экI нэхьыфIхэр щIэх-щIэхьыуэ тхылъ щыхьэхуэу къыдыводогъэкI. Ди республикэм и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ ахэр.

Илъэс 90-р ныбжь екIуащ. ЕкъулIэныгъэ иIэу «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр дяпэкIи илъэс куэдкIэ республикэм хуэлэжьну сохъуэхъу.

ТЕМЫРКЪАН Борис,
КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI.

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэр.



Производствэ-техникэ къудамэр.

(ПэщІэдзэр №68-м итц).

- Си гугъэхъым, Дэдей. Арами, сэ сыхейщ, уощІэ, - жьыхур къещтэри, щхьэгъусэм жьы щІрегъэху. - Сабийхэр дэнэ щыІэ?

- Абыхэм пэш щхьэхуэ хуащІащ, дзгыэзэхэр яКІэлэопль, умыгузава. ТІэкІу ездакъэ, Хьэтэусилэ. Сэ сыщыІынщ, - нэхъри зрегъэщІ фызым.

- Зыгъэпсэху, си тхьэІухуд, - щхьэгъусэм и Іэгум ба хуещІ Хьэтэусилэ, пыгуфІыкІыу.

Гъэунэхуп1э

Зэхыхьэм къекІуэлІат Хьэт къэралыгъуэм къыізэщІиубыдэ щыналъэ щхьэхуэзэмрэ хьІытыгухэмрэ я унафэщІхэр, дзэпщэр, чэнджэщакІуэхэр. Пщэдджьыжьышэр щыізэфІэкІым ирихьэлІэу гъуор къэджащ, хасэр зэкишэу.

- Ильэс мин бжьыгэ хъуэуэ къыдэнякъуэкъу къэралыгъуэр иджы- ри зэ къыдзбгъырыкІуэну тегушхащ. Аращ фыкъыщІезджаг, - псори я пІэ иззгъа нэужь ину жиІащ пащтыхьым.

Зэхаха хъыбарым, щыблэ къыкъуэуам хуэдэу, къигъуэІэбжьауэ, зэІущІэм кърихьэлІахэр зэплъыжащ.

- Ди тІасхъэщІэххэм зэрыжаІэмкІэ, Рамзес ЕтІуанэм зауэлІ мин тІощІрэ тхурэ иІащ, абыхэм ящышу минилплъм нэсыр щыізасъуэгу зэщІэуэздащ. КъыізэрывгурыІуэщи, зауэшхуэщ къытпэщылІыр. Фирхьэуныр ныбжьыщІэми, щІалэ гуащІэу къыщІэкІащ, - къекІуэлІахэм яхоплъэ пащтыхьыр.

- Сэ зэрызэзэсхамкІэ, мысыр шызакъуэгухэр къару шынагъуэщ, дэри апхуэдизэ шыгу зэщІэщІа къэдмыгъуэмэ, ди лъэсыдзэр кхъыхагъэщІэнущ, - къэпсэлъащ Амырейм япщ Вындзэшынэ.

- Уэ уи щІыналъэр Мысырым нэхъ пэгъунэгъущ, Вындзэшынэ, нэхъыбэрэ уарихьэлІауэ къыщІэкІынущ. Сыт иджыри гу зылъытІтэн хуейр, дауэ уеплърэ? - лЫ нэкІу къубзбжьабэм хуоплъэкІ пащтыхьыр.

- Зиусхьэн, абыхэм я шызакъуэгухэр зы зауэлІым зэригъакІуэу аращ, абы шы зегъэкІуэнри, зэуэнри зэдекхьыф. Хэт шабзэшэ еутІыпщ, хэти бжькІпапцІэкрэ дз. Пэжыр жьпІэмэ, мысырхэр зауэлІ лъащщ, хьилагъэ гуэрхэри яхэлъщ, - и щхьэр егъэкІэрахъуэ Вындзэшынэ, сэрамэ запысщІэнутэкъым жьыхуІэу.

- Абы и закъуэжым, мысырхэм я шабзэпэхэм щхъуэхь пылъщ, уІэгъэшхуэ къуамыдзми, а щхъуэхьым укъелынукъым, - пэшым и кІэмкІэ къыщыІуащ макъ гъум. Ар Дзрдэней хытІыгум япщ Ахейт.

- Апхуэдэу щыхъуКІэ, дэри шызакъуэгухэм нэхъ тедгъэщІэн хуейуэ аращ. Нэхъ тэмэму жьпІэмэ, делэжьынщ, шызакъуэгуэу щымытын хуэдэу, - пагэу и щхьэр Іэтами, и напІэр зэредзыхам хуэдэу зэпсэпльащ Хьэтэусилэ.

Хасэм къырихьэлІахэр зэуэ абы хуеплъэкІащ, - мыбыи жьэ иІэу ара жьыхуаІэу, я напщІэхэр хашу.

- Гупсысэ гъэрхэр уиІэу ара? - зыкъытриІэтыкІащ пащтыхьым.

- Зиусхьэн! Шызакъуэгур зегъэкІуэнымрэ зэуэнымрэ зэдэпхьынтыжьым, абы зэхэзещхъэн уещІ. СызэреплъымкІэ, шыгум щІыхуитІащ исмэ нэхъыфІщ.

- Хэт илъэгуа шызакъуэгум щІыхуитІ ису?! - пщыкъуэр ауан кІыщІу къыіподыхьэшхькІ Вындзэшынэ.

Хасэм къекІуэлІахэр зэщІэхьеящ, зэгуэрым Іумпэм яща, пщы тралъхьэу жэуапми ирашэлІауэ щата Хьэтэусилэ хэт щыдыхьэшхьу, хэти щІэнакІэу.

- Сэ шыхэм куэдрэ сахэтащи, яхуэзфІэкІынури ялъэмыкІынури фІыуэ сощІэ! - и макъым зрегъэІэт Хьэтэусилэ, зыптеуКІытыкъым зэрыкъуэмыпІыр игъэпльагъэуэ.

- Щэхуу! - и Іэр еІэтри, къыхэпІэнкІыкІэр егъэувыІэ Мывэтlалэ. - ЖьыІэт, Хьэтэусилэ!

- Шыр зезыхуэр псэущхьэм теплъэкъуКІмэ, зауэм хэт псэущхьэр гужьеиГъуафІэщи, Іуэхур зэІигъэхьэнущ. Ар пщыгъупщэ хъунукъым. Шыгур нэхъ ин тщІырэ, ЦІыху тІурытІ е щырыщ итІысхьэмэ, зым шыр зэригъэкІуэнущ, нэгъуэщІ Іуэху имыІэу, мыдрейм щхьэж нэхъ хуэгъэІэрыхуэ Іэщэр Іэщ1элъу зауэнщ, - жеІэ пщыкъуэм.

- ЗауэлІхэр тІурытІу имыІэну идгуашэмэ, абы ди дзэр игъэкІэщхьэну къыіпщыхъуркъэ, Хьэтэусилэ? - къэпсэлъащ Къэркъэмыш щІыналъэм и тепщэр.

- Хьэуэ, ЦІру! Абыи Іэмал иІащ...

- Шыгу шэрхъэм я бгъуитІымкІэ джатэ зырыз кІэрытпхэмэ, зэхуэмыкІуэжыну пІэрэт?! - Хьэтэусилэ и гум илъыр къыгурыІуэри, къуэш нэхъыщІэм и псалъэр пищащ Мывэтlалэ.

- Пэжщ, зиусхьэн! Ардыдэрщ, - и напІэр кьиІэтщ, пащтыхьым епльри, пыгуфІыкІащ Хьэтэусилэ, жиІэр къызэрыхуагъэдэхар и гуапэу.

Хасэм къекІуэлІахэр щым хъужащ.

- Ар гурыІуэгъэщ, ауэ, ди шыгуэм къагъазэрэ къытхэлъэджмэ, зэран къытхуэхъужынукъэ?! - къыгурыІуэркъым Вындзэшынэ.

- Апхуэдэ зымыхъун папщІэ, дзэщхьэмрэ дзэкІэмрэ нэгъуэщІу зэхэгъэупхъащ. Ар дзэпщым унафэ зэрищІщ, - Хьэтэусилэ и напІэр щриІэхьэм, псори Мывэтlалэ хуеплъэкІащ - Хьэтыдзэм и Гуаззэм чэнджащэгъу нэхъыщхьэу здищтэнур хэтми жиІатэкъым абы иджыри.

- Къалэм джэгушхуэ къыщыізэрагъэпэщащи, дахэплъэнщ, - зиІэтри, щхьІыпІэмкІэ и Іэр ищІащ пащтыхьым. - Фынеблагъэ.

ГуфІэгъуэрэ санэпльрэ хуэлІауэ, зиІу игъущІыкІа хьэщІэхэр пэшым хуэмурэ зэрыщІэхащ.

Къалэкум деж къыщыізэрагъэпэща утыкуцхуэмкІэ нуэтІат псоми. ЦІыкІуи, ини, унафэщІи, уиІэути хуитт абы епльыну, хэтыну. Пщым и щхьэгъусэ нэхъыщхьэ Гуащэлейрэ и адрей фызхэмрэ джэгум щыІэгъэххэт, щІалэгъуалэм уэрэдхэр кІрашу, къафэщІыізэхаублауэ къекІуэлІахэм я нэгу зрагъэужьырт. А джэгур гъэунэхуп1эт. Куэдрэ къэхурт пщылІхэми зэфІэкІышхуэ зиІэ гуэрхэр къащыхэкІ. Щыхуейм деж пщым и пащхьэ иувэну Іэмал щамыІэкІэ, мыпхуэдэ джэгуэмэ зыкъыщагъэльагъуэрт абыхэм. Пщым и хъумакІуэхэми уардэунэм щылажьэхэми яхэтт апхуэдэ щІыкІэкІэ къагъуэта щІалэ лъэрыізехьэ куэд. Ноби къэунэхуну пІэрэ зэчиищІэхэр?

Мывэтlалэ и куэушым тэрмэшкІэ иригъэлъэгъуащ гъунэгъу зыкъыхуищІыну. Хьэтэусилэ асыхьэту пщым сэмэгурабгъу зыкъыхуищІри, кхыбгъурыуащ.

- Зиусхьэн! - щхьэщэ ещІ абы.

- КъыізэрызгурыІуамкІэ, уэ иджыри жьпІэн уи куэдщ. ЩІэщыгъуэ гуэрхэр къэбгупсысащ, аракъэ? - дыгъэ нэхум щыхэтым деж пщым и нэ нащхъуитІыр уи гущІэм къиплъэу къыпщыхъурт.

- Пэжщ, зиусхьэн.

- Уэри уунафэщІщ, уощІэ дзыхь зыхуэпщІ хъун куэд зэрыщымыІэр, къытхуэгуфІэу мыбдеж къыщызэхуэсахэм къыдэпщІыж яхэтынкІэ зэрыхъунур. Сыхуейкъым абыхэм ди Іэмал псори ящІэну, аращ хасэр къыщІэзгъэувыІар, - уафэгъу къиува шэджагъуэ дыгъэ гуащІэм тэмэму игъапльэртэкъыми, Іэдакъэжьауэ ищІри, и къуэшым хуеплъэкІащ Мывэтlалэ.

- ГурыІуэгъэщ, зиусхьэн, - и щхьэр ещІ Хьэтэусили.

- Атlэ, дауэ уеплърэ, сыт ди Іэмал иджыри?

- Зи шэрхъыбгъум джатэ епха шыгу куэд дыхуейкъым. Пэж дыдэу, ахэр зыгъуэркІэ ягъащтэрэ къагъэзэжмэ, ди дзэращ Іисраф ящынур. Ауэ абыхэм Фирхьэуным и дзапщэр фІыуэ ирахынущ. Дишхэм афэ тепхъуэн тельмэ, нэхъ хъума хъунущ, нэхъыбэрэ залыгъэшфынущ. КъищынэмыщІауэ, щыгум и джабитІыр нэхъ льъагэу тІэтмэ, абы ис зауэлІхэм дыркъуэ щащІэщ къалъысынур, я Іэпхъпкъыр, я Іькъуэхэр хъума хъунущ, - пщым гъунэгъу зыхуищІауэ, щэхуу псалъэрт Хьэтэусилэ.

- Апхуэдэдзэ иджыри дунеижьым имыльэгъуауэ къэдгъэувынщ, тхьэхэм къыдапэсмэ! - и щхьэр ищІащ пащтыхьым арэзыуэ. И бгъэм щызу хьэуа жьэдишэри, и щхьэр льагэу иІэтащ, текІуэныгъэр къыщхьыну мазхуэр и нэгу къыщигъэувэу.

Хьэт къэралыгъуэм и зауэлІ нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэр я зиусхьэнхэм ящыІэгъуу къекІуэлІат дзкъэм. Дзэпщ льэрызехьэжьхэм текІуэныгъэу къаьхьахэр я напщІэм тельу, я гъущІ Іэпщэхэм фэм къыхэщІыкІа Іэпщэхьэхэр ешэкІарэ, я бгъэ льагъэкІэ къыдэщу джанэхэр етІэтэхауэ зыщыІтхьужу зэхэтт. Дзэтхэнэри щыгугъыт джэгум фІыуэ зыкъыщигъэльагъуэмэ, тыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр къыльысыну - пащтыхьым и дзэзешэу, и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу Рамзес езэуэну. ІэпщэрыбанэкІэ нэхъ льэщхэм я льэр яутхыпщІу, зыізэрагъэлІыну загъэхьэзэырырт, шабзаузэм я шабзэшэхэр зэпаплъыхьырт, мыдрейхэм дыгъэм пэлыд я джатэхэр нэхъри ягъэлыдыну ялъэщІырт. А псомэ іэмэпльпль къалэдзэхэр зэрызэехьэрт, пщащэхэм я нэхэр къиІуукІыу зэхэтт.

ЗэрыжаІэмкІэ, Ахей щыгъуэу къэкІуа зауэлІым къытекІуэн истэкъым Хьэт къэралыгъуэм. ЩІалэщІэ хъьжьэм и лъыр къызэрикъуэлъыкІыр къапщІэрт, зэрынныкъуакъуэмкІэ. МафІэм хэлъэдэным хуеплъэкІыу и Іур джэрт, уигъэшынэу. Куэдым ягъэщІагъуэу я щхьэр ягъэхрахъурэ дзрдэней пелуаным къыхуеплъэкІыурэ, ауэ икІуэтыну зыми и гущхьэ къэкІыххэр-тэкъым. Ауэдэу къэрабгъэтэкъым хьэтхэр, мынэхъ ерыщмэ, мынэхъ гуащІэмэ.

- Уэ уэхэтынукъэ зэпеуэм, зиусхьэн? - Хьэтэусилэ зыкъыхуигъаззэу пыдыхьэшхыкІащ Вындзэшынэ.

Пщыкъуэм абы зыри пимыдзыжу пщым хуеплъэкІащ. «КІуэ» жьыхуиІэу, пщым и щхьэр машІэу щигъэхъейм, Хьэтэусилэ яхэуващ и хьэрхуэрэгъуэхэм.

Зэхьэзэхуэм и кІэм щызэхуэзэжащ къекІуэлІахэм я нэхъыбэр зыщІэнэкІа пщыкъуэмрэ дзрдэней пелуанымрэ. А тІум язт Хьэтыдзэм и пашэу зи унафэ щІэувэнри, альандэрэ пыдыхьэшхыкІыу зэхэта бейгуэлэхэр щыхуауэ якІэльапльырт лІитІым. Зэрешари, зэрыгуфІкъари къапщІэу, дзрдэнейр бауэбапщІэт. НатІэм къежэх пщІэнтІэпсыр и нэщІащэм илъэдажрэ, и нэр щІискІат. Абы нэхърэ нэхъ Іейуэ емышамэ, зыкІи нэхъ мащІэ илэжьатэкъым Хьэтэусилэ, ауэ пщыкъуэ яхамылыфэр апхуэдизкІэ зэпІэзэрытт, зытеубыдати, и нэгум уиплъэкІэ, и гум илъыр къыпхуэщІэртэкъым. Дзрдэнейм къыгурыІуэрт пщыкъуэр къызэрыкІуэнур, щхьэбзаджэу къызэрыщІэкІыжынур.

Пкъэмдзэ ящІри, дзрдэнейр нэщанэм ялэу еуэну къыкІащ. ЦІэрыІуэ зыщІари арат - абы къытекІуэн шабзаэу щыІэтэкъым. Пелуаныжьым и шабзэмрэ шабзэщэхэмрэ хъуржьным илъу пщылІ щІалэ цІыкІым къабгъэдихьащ. Джэгум деж щІалэ цІыкІуэр зауэлІхэм я Іэпыдзлъэпыдзу къагъэувырти, апхуэдэу ягъэгушхуэрт. Дзрдэнейм Іэщэр зэфІдзэри, нэщанэм тригъэпсащ. Игурэ и щхьэрэ зэтелът абы. ИкІи нэщанэм и курыкупсым шабзэшэр щытехуэм, зыхуэзарэзыжу и бгъэгум І эштІымкІэ иуэщ, нэщхькІэ пщыкъуэм къыхуеплъэкІри, льэныкъуэ зригъэзыжащ гъуэхъуэу. Къалэдзсхэр зэригъэкІийрт, зэрызехьэрт, я гукъыдэжым зыкъыІэтауэ Іэгу еуэрт.

ЕтІуанэ щІалэ цІыкІур утыкум кІыльэдащ хъуржьныр иІыгъыу. Хьэтэусилэ абы щыгуфІыкІри, и щхьэм Іэ диІыащ, зэгуэр сэри мыбы и пІэм ситащ, жьхуиІэу.

- Шабзэр къутащ, - жиІащ щІалэ цІыкІум щххуу, и щхьэр къимыІэту.

- Сыт жьпІа? - зыщІэдэІуКІащ пщыкъуэр.

- Шабзэр къутащ, зиусхьэн, ублэукІынущ!

- Дэнэ щыпщІэр? - къэуІэбжьащ Хьэтэусилэ.

- Сльэгъуащ...

Хьэтэусилэ къыгурыІуащ зыгуэрым лъакъуэпэщІэдз къызэрыхуищІыр, хиГьэнэну, бжьыпэр иримыгъэубыдыну зэран къызэрыхуэхъур.

- Зэхьэзэхуэр пэжу иухын щхьэкІэ, зы шабзэ ддзымэ нэхъыфІу къысщохъу. АпхуэдэлІ щэрыІуэм уи шабзэр къыскъуэбгъэфащэмэ, си гуапэ хъунут! - дзрдэнеим зыхуигъэзащ Хьэтэусилэ.

КъекІуэкІыр къызыгурымыІуэ къалэдэсхэр щым зэрыгъэхъуурэ, зэщІэдэІукІырт.

- Къащтэ, сэбэп къыпхуэхъун уи гугъэмэ, - жиІэу, дыхьэшхри, и шабзэмрэ зы шабзэшэрэ пщыкъуэм хуишиящ.

Хьэтэусилэ пыгуфІыкІщ, зыри пимыдзыжу шабзэр зэфІдзэри, нэщанэм тригъэпсащ. Абы ищІэрт насыпхэхьпІэ зэрыІутыр, абдеж ІыбгъэкІущимыгъэлъагъуэмэ, къыщІэкІэ псоми пщІэ-нэсыщ. Пщыкъуэм и нэри, и тхьэкІумэри, и гупсысэри апхуэдизкІэ нэщанэм триухуати, мы дунеижьыр щым хъуауэ къыщыхьурт. Шабзэшэр напІэзыпІэм нэщанэм техуами, ар зэрыльэта зэманым гьадэщІыдэ и кІыхьагъыу къыщыхьуат ешым. И гъащІэ псор и нэгу щІэкІыжат, апщІондэху.

Дзрдэнеймрэ Іуатыпща шабзэшэр нэщанэм къыхэлэлырт. Хьэтэусилэ и шабзэшэр абы и гущІыІуэ техуэри, удз гъэгъам хуэдэу зыгуипхъат! Джэгуеплъхэр къыщылъэтащ, я зэрыгъэкІий макъым тхьэкІумэ Іупсыр Іуичу ину Іэгу еуэу:

- Хьэтэусилэ! Хьэтэусилэ! Хьэтэусилэ!

Хьэтэусилэ пащтыхьым гупэкІэ зыхуигъаззу, щхьэщэ щыхуищым ирихьэлІэу нэбгырыкІэ гу лъитащ, дзрдэней щІалэжьым зыкъричауэ, домбей гъэшхам хуэдэу, гъуэхъуэу къызэрыхуэжэм. Пщыкъуэр зы лъэбакъэкІэ икІуэтащ, гъунэгъу дыдэ Іэхуэхъуа щІалэжьым и пщэр Іэ сэмэгукІэ щиубыдыкІри, пелуан хъьжьэр щыбкІэ техуэу щым триІуліащ, и лъакъуитІыр дридзеижу. Хьэтэусилэ зэрешари, къаруушхуэ зэригъэкІуэдари къапщІэу, и бгъэ лъагэр дзкІуей-ехьжу бауэбапщэт. ИтІани, дзрдэней пелуан ІурымэхыкІам щыхьэшІт и нэщхьыр зэхэуфаеу, кхьізэфІэувэжу игу тригъэзэгъэху иубэрэжьыным пэплъэу.

- Афэрым! Афэрым! - зэрыгъэкІийт джэгуеплъэкр.

УнафэщІхэмрэ зэхьэзэхуэм хэта дзэпщхэмрэ къэуІэбжьаУэ зэпльыхь имыльэгъуауэ къэдгъэувынщ, тхьэхэм къыдапэсмэ! - и щхьэр ищІащ пащтыхьым арэзыуэ. И бгъэм щызу хьэуа жьэдишэри, и щхьэр льагэу иІэтащ, текІуэныгъэр къыщхьыну мазхуэр и нэгу къыщигъэувэу.

Хьэт къэралыгъуэм и зауэлІ нэхъ цІэрыІуэ дыдэхэр я зиусхьэнхэм ящыІэгъуу къекІуэлІат дзкъэм. Дзэпщ льэрызехьэжьхэм текІуэныгъэу къаьхьахэр я напщІэм тельу, я гъущІ Іэпщэхэм фэм къыхэщІыкІа Іэпщэхьэхэр ешэкІарэ, я бгъэ льагъэкІэ къыдэщу джанэхэр етІэтэхауэ зыщыІтхьужу зэхэтт. Дзэтхэнэри щыгугъыт джэгум фІыуэ зыкъыщигъэльагъуэмэ, тыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр къыльысыну - пащтыхьым и дзэзешэу, и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу Рамзес езэуэну. ІэпщэрыбанэкІэ нэхъ льэщхэм я льэр яутхыпщІу, зыізэрагъэлІыну загъэхьэзэырырт, шабзаузэм я шабзэшэхэр зэпаплъыхьырт, мыдрейхэм дыгъэм пэлыд я джатэхэр нэхъри ягъэлыдыну ялъэщІырт. А псомэ іэмэпльпль къалэдзэхэр зэрызехьэрт, пщащэхэм я нэхэр къиІуукІыу зэхэтт.

ЗэрыжаІэмкІэ, Ахей щыгъуэу къэкІуа зауэлІым къытекІуэн истэкъым Хьэт къэралыгъуэм. ЩІалэщІэ хъьжьэм и лъыр къызэрикъуэлъыкІыр къапщІэрт, зэрынныкъуакъуэмкІэ. МафІэм хэлъэдэным хуеплъэкІыу и Іур джэрт, уигъэшынэу. Куэдым ягъэщІагъуэу я щхьэр ягъэхрахъурэ дзрдэней пелуаным къыхуеплъэкІыурэ, ауэ икІуэтыну зыми и гущхьэ къэкІыххэр-тэкъым. Ауэдэу къэрабгъэтэкъым хьэтхэр, мынэхъ ерыщмэ, мынэхъ гуащІэмэ.

- Уэ уэхэтынукъэ зэпеуэм, зиусхьэн? - Хьэтэусилэ зыкъыхуигъаззэу пыдыхьэшхыкІащ Вындзэшынэ.

Пщыкъуэм абы зыри пимыдзыжу пщым хуеплъэкІащ. «КІуэ» жьыхуиІэу, пщым и щхьэр машІэу щигъэхъейм, Хьэтэусилэ яхэуващ и хьэрхуэрэгъуэхэм.

Зэхьэзэхуэм и кІэм щызэхуэзэжащ къекІуэлІахэм я нэхъыбэр зыщІэнэкІа пщыкъуэмрэ дзрдэней пелуанымрэ. А тІум язт Хьэтыдзэм и пашэу зи унафэ щІэувэнри, альандэрэ пыдыхьэшхыкІыу зэхэта бейгуэлэхэр щым хъужауэ якІэльапльырт лІитІым. Зэрешари, зэрыгуфІкъари къапщІэу, дзрдэнейр бауэбапщІэт. НатІэм къежэх пщІэнтІэпсыр и нэщІащэм илъэдажрэ, и нэр щІискІат. Абы нэхърэ нэхъ Іейуэ емышамэ, зыкІи нэхъ мащІэ илэжьатэкъым Хьэтэусилэ, ауэ пщыкъуэ яхамылыфэр апхуэдизкІэ зэпІэзэрытт, зытеубыдати, и нэгум уиплъэкІэ, и гум илъыр къыпхуэщІэртэкъым. Дзрдэнеймрэ къыгурыІуэрт пщыкъуэр къызэрыкІуэнур, щхьэбзаджэу къызэрыщІэкІыжынур.

Пкъэмдзэ ящІри, дзрдэнейр нэщанэм ялэу еуэну къыкІащ. ЦІэрыІуэ зыщІари арат - абы къытекІуэн шабзаэу щыІэтэкъым. Пелуаныжьым и шабзэмрэ шабзэщэхэмрэ хъуржьным илъу пщылІ щІалэ цІыкІым къабгъэдихьащ. Джэгум деж щІалэ цІыкІуэр зауэлІхэм я Іэпыдзлъэпыдзу къагъэувырти, апхуэдэу ягъэгушхуэрт. Дзрдэнеймрэ Іэщэр зэфІдзэри, нэщанэм тригъэпсащ. Игурэ и щхьэрэ зэтелът абы. ИкІи нэщанэм и курыкупсым шабзэшэр щытехуэм, зыхуэзарэзыжу и бгъэгум І эштІымкІэ иуэщ, нэщхькІэ пщыкъуэм къыхуеплъэкІри, льэныкъуэ зригъэзыжащ гъуэхъуэу. Къалэдзсхэр зэригъэкІийрт, зэрызехьэрт, я гукъыдэжым зыкъыІэтауэ Іэгу еуэрт.

ЕтІуанэ щІалэ цІыкІур утыкум кІыльэдащ хъуржьныр иІыгъыу. Хьэтэусилэ абы щыгуфІыкІри, и щхьэм Іэ диІыащ, зэгуэр сэри мыбы и пІэм ситащ, жьхуиІэу.

- Шабзэр къутащ, - жиІащ щІалэ цІыкІум щххуу, и щхьэр къимыІэту.

- Сыт жьпІа? - зыщІэдэІуКІащ пщыкъуэр.

- Шабзэр къутащ, зиусхьэн, ублэукІынущ!

- Дэнэ щыпщІэр? - къэуІэбжьащ Хьэтэусилэ.

- Сльэгъуащ...

Хьэтэусилэ къыгурыІуащ зыгуэрым лъакъуэпэщІэдз къызэрыхуищІыр, хиГьэнэну, бжьыпэр иримыгъэубыдыну зэран къызэрыхуэхъур.

- Зэхьэзэхуэр пэжу иухын щхьэкІэ, зы шабзэ ддзымэ нэхъыфІу къысщохъу. АпхуэдэлІ щэрыІуэм уи шабзэр къыскъуэбгъэфащэмэ, си гуапэ хъунут! - дзрдэнеим зыхуигъэзащ Хьэтэусилэ.

КъекІуэкІыр къызыгурымыІуэ къалэдэсхэр щым зэрыгъэхъуурэ, зэщІэдэІукІырт.

- Къащтэ, сэбэп къыпхуэхъун уи гугъэмэ, - жиІэу, дыхьэшхри, и шабзэмрэ зы шабзэшэрэ пщыкъуэм хуишиящ.

Хьэтэусилэ пыгуфІыкІщ, зыри пимыдзыжу шабзэр зэфІдзэри, нэщанэм тригъэпсащ. Абы ищІэрт насыпхэхьпІэ зэрыІутыр, абдеж ІыбгъэкІущимыгъэлъагъуэмэ, къыщІэкІэ псоми пщІэ-нэсыщ. Пщыкъуэм и нэри, и тхьэкІумэри, и гупсысэри апхуэдизкІэ нэщанэм триухуати, мы дунеижьыр щым хъуауэ къыщыхьурт. Шабзэшэр напІэзыпІэм нэщанэм техуами, ар зэрыльэта зэманым гьадэщІыдэ и кІыхьагъыу къыщыхьуат ешым. И гъащІэ псор и нэгу щІэкІыжат, апщІондэху.

Дзрдэнеймрэ иутІыпща шабзэшэр нэщанэм къыхэлэлырт. Хьэтэусилэ и шабзэшэр абы и гущІыІуэ техуэри, удз гъэгъам хуэдэу зыгуипхъат! Джэгуеплъхэр къыщылъэтащ, я зэрыгъэкІий макъым тхьэкІумэ Іупсыр Іуичу ину Іэгу еуэу:

- Хьэтэусилэ! Хьэтэусилэ! Хьэтэусилэ!

Хьэтэусилэ пащтыхьым гупэкІэ зыхуигъаззу, щхьэщэ щыхуищым ирихьэлІэу нэбгырыкІэ гу лъитащ, дзрдэней щІалэжьым зыкъричауэ, домбей гъэшхам хуэдэу, гъуэхъуэу къызэрыхуэжэм. Пщыкъуэр зы лъэбакъэкІэ икІуэтащ, гъунэгъу дыдэ Іэхуэхъуа щІалэжьым и пщэр Іэ сэмэгукІэ щиубыдыкІри, пелуан хъьжьэр щыбкІэ техуэу щым триІуліащ, и лъакъуитІыр дридзеижу. Хьэтэусилэ зэрешари, къаруушхуэ зэригъэкІуэдари къапщІэу, и бгъэ лъагэр дзкІуей-ехьжу бауэбапщэт. ИтІани, дзрдэней пелуан ІурымэхыкІам щыхьэшІт и нэщхьыр зэхэуфаеу, кхьізэфІэувэжу игу тригъэзэгъэху иубэрэжьыным пэплъэу.

- Афэрым! Афэрым! - зэрыгъэкІийт джэгуеплъэкр.

УнафэщІхэмрэ зэхьэзэхуэм хэта дзэпщхэмрэ къэуІэбжьаУэ зэпльыхь мыхъэмэ, зыри къыфІагъэкІыртэкъым.

Пащтыхьымрэ гуащэмрэ зыкъаІэтщ, зэрыгъэкІийкэр Мывэтlалэ тэрмэшкІэ игъэувыІэри:

- Афэрым! - и щхьэр ищІащ Гуащэлей. - Дэрдэней зауэлІыр зэрыгъэгъу лъэщу къызэрыщІэкІам папщІэ, и къарумрэ хахуагъэмрэ хуэфащэн джатэ хуапсыхьыну унафэ сщІащ. ЕвгъэфІакІуэ, щІалэхэм!

Мывэтlалэрэ гуащэмрэ зыкъаІэтри, утыкур ябгъынащ.

Джэгумрэ къафэмрэ пащэжащ. Аддэ жьжьэгу щыт пщылІ щІалэ цІыкІм Хьэтэусилэ Іэ хуищІащ. Лъакъуэ мастэ, пщэ псыгъуэ хуэжауэ къыщІэпхъуэри, пщыкъуэм и пащхьэ къиуващ модрейри.

- Хэт уи цІэр? - еупщІащ абы пщыкъуэр.

- Алэдамэ, зиусхьэн.

- Нобэ щыщІэдзауэ узивакъуэщ! - и щхьэр ивэри, уафэм дэпльэящ Хьэтэусилэ. - Уэ сэ къысхуэпщІар зэи схуэпшынынкъыкъым, - пщІэнтІэ псыр ирильэщІэкІыурэ, Іущащэу.

Апхуэдэу Хьэтэусилэ пащтыхьым и Іэ ижь хъуащ. Альандэрэ къыщІэнакІуэ щытахэм псалъэ гей къажьэдэкІын шынэрт иджы, зауэлІхэмрэ дзэпщхэмрэ джэ пщыкъуэм пщІэшхуэ къыщилэжьат. Зэрыцыху Іущым. ЗэрызэпІэзэрытым, зэрыгъэсам папщІэ фІыуэ къалъагъуэрт. Езыри а зы хьэлым тетт. Дзэр зэрызэхэтыну щыкІэм теухуауэ Хьэтэусилэ кІигупсыса бзаджэгъэхэмкІэ зыдэгуашэр пащтыхьырат, мыдрейхэм дзыхь яхуищІыртэкъым. ЗекІуэр къэблэгъэ щыІэ дзэр зэтриухуэмэ нэхъ кІащтэрт, «зыгуэркІэ бзэгузехъэ къажэкІэ, я тІасхъапІэхэр мысырхэм яІэрыхьэмэ» жьхуиІэу. Хьэт къэралыгъуэм къарууэ ИГэр шыгуэр яхъэзэгъэпэщыныкъым, дэщІхэр, афэ джанэхэр нэхъ быдэ щыныкъым хуиунэтІащ. АбыкІэ я кІэн къиКІауэ жьпІэ хъунут Хьэтхэм - мысырхэр гъущІым ирилэжьафыртэкъыми, афэ джанэ яхуищІыртэкъым. Хьэтхэм куэд щІауэ яхуымэрт гъущІым зэрелэжьым и щхэхуэр. «Зыгуэрым хуэмыфІ хьэдрыхэ ягъакІуэркъым», - жаІэ, льэныкъуэ и тІасхъапІэ яІэжт, зыр зым зэрефІэкІри гъунэжт.

Зэманыр псынщІэу кІуэрт. Гъунапкъэр къызэпиупщІмэ, зы маззм къриубыдэу Рамзес Къадеш къэсынут. Арат ар нэхъри зэщакІуэр - Къадешрэ Амыреймрэ иубыдыну. Фирхьэуным быдэу и фІэщ хъурт мыхьэнэ-шхуэ зиІэ а къалитІыр кьизэумэ, Хьэт къэралыгъуэр и ІэмышІэ кьихьэну.

Бэджей гын

Мысырым пщылІу исыр, хъумпІэщІэджым хуэдэу, ежауэ елэжьырт зауэм здрахьжьэну Іэщэмрэ зэрыкІуэну шыгухэмрэ. Рамзеси егупсысат и шызакъуэгухэм щІэщыгъуэ гуэр хэлъхьэн зэрыхуейм. Мысырыдзэм и бжырыбжхэм хуэдэ - жьыжьрыуэ шабзэхэм - зыми иІэтэкъым, икІи абы и пэкІэ нэгъуэщІ щІыпІи щащІыхуатэкъым. КъищынэмыщІауэ, я бжьКІэр нэхъ тІсыщІэт, нэхъ папщІт, нэхъ кІыхьт, бгъэІэкІуэну нэхъ тынШт. Абыхэм ящІэрт Хьэтхэм афэ джанэ зэращыгъыну, афэр пхъзыудын Іэщи зэрыхуейр.

Къум щІынальэр апхуэдизкІэ хуабэти, дыгъэ вэржьэрым хэту, зрамыгъэгъэпсхуу махуэ псокІэ ягъэлажьэ пщылІхэм я гур зэгуэдурэ, е псы щхьэкІэ лІэурэ хъызэфІэщатэрт. Фирхьэуным къыфІэІуэхутэкъым а псори, ар ящыхъыртэкъым щІыхуэм. Зы ЛІамэ, абы и пІэ ирагъэувэну щІыхуитху къагъэутырт, щхьэхуимытхэр къащІэхурт, къадыгурт, зэпымычуи Мысырым кърашалІэрт. Абыхэм ящхьэщыт, лэжьыгъэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъ щІыхухэм щІыхуу уеджэну уи бзэ къекІуэрэтэкъым - хьэкІэжхъуэкІагъэ мыхъэмэ, щІыхугъэ яІэтэкъыми. Чы уфэ-упщІэ кІыхьышхуэхэр шыхьауэ яІэщІэлъу кърикІуКІнрикІуКІыу пщылІхэм ящхьэщытт ахэр. Зыгуэрым нэхъ хуэм зищІакъэ, псалъэу гу лъатакъэ, псы щІэлъэІуакъэ - уфэ-упщІэмкІэ зыкъиізащІынурэ, дыгъэ жьэрэзжьэм илыпщІа щІыфэ пщІанэр къыдэхуу. Нэхъ ерыщхэр узым я гур зэгуиудыху чымкІэ яуКІырт. Рамзес дек къыщежьа хабзэтэкъым ар, абы и дежи щиухьжьнутэкъым. ИгъащІэ лъандэрэ Мысырым и щхьэхуимытхэм апхуэдэт я Іыхьэр - щхьэкъэІэт ямыІэу я гъащІэр ирагъэхьырт. Ар гъащІэт сытми?! Яэыныкъуэхэм илъэс зыТІущ, нэхъ насыпынышхэм махуэ бжьыгэ яхуэщэну арат. ПІэуэ тынШжар нэхъ насыпыфІэуи къащыхъурт псэууэ къызэтенахэм.

Рамзес и хэщІапІэр чырбыш плъыжькІэ зэтелъхьа унэ абрагъэт. Мысыр тхьэшхуэхэм я фэелпъ сын домбейхэмкІэ унэ щІыхьэпІэр гъэщІэрэщІат, абыхэм я псэуКІар, зэрылІар, зэрыщІалъхьар къыщыгъэпльэгъуат щІэгъэкъуэн льагъэу къещІэкІами. Фирхьэуным и уардэунэм нэхъ льагэ дыдэу щиІэ къатырт пащтыхь пэшыр здэщыІэри, абы укъеплъыхьмэ, Мысырыр зэрыщыту Іэгум илъым хуэдэу плъагурт. Рамзес шордакъым къытехьэрти, еш имыщІэу, махуэ псом кІэлъыплъыфырт пщылІхэр зэрылажьэм. Хьэуэ, игу абыхэм ящІэгъэуу артэкъым, абы бэлыхьу ятелъым сыт хуиІуэхут абы... И дзэр хьэзыр

● Псалъэ шэрыуэхэр

Нэ илъагъу нэ ещIэж

Лы закъуэ дзэ хуэркъым.
Щхьэзакъуэу псори пщIэну, блэжьыну гугъущ; зыр куэдым псэлъэшкIэ.

Укъущамыщ1эм уфащэщ, укъущацIыхуэм улъэпкъщ.
УкъыздщамыщIыхуэм пщIэ къыззрыщыпхуащIыр уи щыгъынымкIэщ, укъыздщащцIыхуэм - укъызыхэкIа лъэпкъымкIэщ.

ДаIуэ шхиипэ тоувэ.
Чэнджэщ зыльытэр къыззрымыкIыфын щытыкIэ щыIэкъым.

ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ.
ЦIыхухэм къадзгъуэгурыкIуэ хабзэхэр, езыхэм къалъхуу, къащIэхъуэ бынхэм яхуэхIуэурэ, зы щIэблэм къикIым адрейм кIуэурэ, хъума мэхъу.

Нэ илъагъу нэ ещIэж.
Нэхъ къызэрагъэсэбэп хабзэр бын гъэсэным ехьэлIауэу: уэ пщIэуэ илъагъурщ бынми ищIэжынур.

Шэми ес, шхуми ес.
ГуитI-щхьитIщ, зытриубыдэнур ищIэркъым: Iуэхугъуэ зэхуэмыдитIым языкъэрэ къыхэпхыну щыгугъу щытыкIэм итщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

2018 гъэм, накъыгъэм и 21-м, Адыгэхэм я шыгъуэ-щIэж махуэм Кёльн (Германие) и утыку нэхъыщхьэм щыIэхуэсащ а къалэм дэс ди лъэпкъэгъуэхэр.

Сурэтыр къытхуезыгъэхьар **ХЬЭЩIЭЦIЫКIУ Аднащ.**

Щыгъуэ махуэм и тхьэгъуш

ЗЭУБЫД Ахьмэд

Бзылъхугъэ
Нэпсхьэлыгъуэм
Ирехьэх
Жэщыж зимыIэ
Тхьдэ гукъэкIыжхэр:
Ермолэ, Засс -
КъызыхуатIынт
Кхъэ хьэху,
Лъыкъуалэу ягъэжам
Пэпщым щымыIэу...
Адыгэ Хэку -

Хъуэпсапlэм и нэхъуей!
Зэрыпхъуэм и щIэин
ЩIэхъуар уи щыгур
Къихьэжмэ щхьэм,
ЩхьэфэщцIыр ныдохъей,
Щызэуэ лъыр
ИшэщIыжьыфкъым
Си гум...

... Лабэ толъкъунхэр
Хьэдэ псыхьэлъахуэм

Я зэтехьапlэу
Ноби нэгум щIэтщ...
Иджы хэхэс хъужауэ,
Лъэпкъ щIыдэлъкур
Гушащ, и щIыгум
Къинэжари щIэщу...

Иджы емыкIуу щыIэр
Къекlу щыхъуащ,
Арщхьэкlэ лъэпкъ
Зэпекъум и зэщыкъуэм

Аргуэру
ныпхыплъыфкъым
Къытщlэхъуари,
Аргуэру дерс
Кхьэхтэкъым
Уахъты дыркъуэм...

Къэрэщей-Шэрджэс,
Алий Бердыкъуэ къуажэ

21.05.18

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **1**. Мэжаджэ, чыржын, хьэтыкъ, ... **3**. Профсоюз лэжьакIуэ, уэрэджы-IакIуэ, Ирысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткъ. **5**. УнэльащIэм щыщ. **7**. Уэ пхуэдэ сещэмэ, щэ ... **8**. ... и жапIэр езым кьеГуэтыж. **9**. УэрщэрныкIэ ирикъуа нэужь, щIалэхэр зэбгрыкIыжащ, щхьэж и ... бжэн лъакъуэу. **10**. Нэхъапэм адыгэлI псоми зэрахьэу щыта Iэщэ. **13**. Безым дзэ фом щыщ зы ... бжьахъуэм къызитащ. **14**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **18**. НысащIэм и гуащIэм и гуэщэж. **20**. Гъэгум зыщыIущIа Iэхъуэм Бадынокъуэ жреIэ: «Сыефакlуэ-ешхакIуэкъым, нарт щауэгъу солъыхъуэ, ... сриlыыхъуакIуэщ, фIым сриIэщIакIуэщ». **21**. Шым и кIуэкIэ. **22**. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ зэхьхьэ бэзэр. Щэбэт, тхьэмахуэ махуэхэм апхуэдэ щокIуэкI Абхъазым и цIэр зэрихьэу Налшык щыIэ утыкушхуэм. **27**. ... - махуэми, машинэ къутар зэзгъэпэщыжащ. **28**. Къуийцыкlу зэбзэджэкIыу къиГъэпщIа домбежь. **30**. Дунейр щыуаем деж адэжь-мыдэжIэ трищIэ уэс пIащIэ. **32**. ... техьэ тенэркъым. **33**. Пщий къызыпыкIэ жыг. **35**. ЖьантIэм ущIэмыкъу, пхуэфащэмэ - ... **36**. Хьэкъуцыкъу. **37**. Дзыгъуэм и бий кIэуфбIыц!: псэуцIхьэ дахэ цIыкIу. **38**. ... зэрыхъуу, къалэбзухэр ди щыпIэм къалъэтэжащ.

Къехыу: **1**. МусЛуымэн лъэпкъышхуэ. **2**. Налшык и ... нэхъыщхьэм Лениным и Iэтащ. **3**. Мэкъу пыупщIа сатыр. **5**. Хьэкъущыкъу. **6**. Къэралым, республикэм, лъэпкъым я блэкIа зэман. **11**. ... из хъужыркъым. **12**. Лэскэн районым хиубыдэ къуажэ. **13**. Гъавэ къэкIыгъэ. **15**. ... и уасэу зы уэстын, хьэмэрэ зы и уасэу ... уэстын? **16**. Ялэ адыгэ щIэныгъэлIхэм, узэщIакIуэхэм ящыщ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык къалэкум и уэрамхэм ящыщ зым. **17**. ГъэшхэкI. **19**. Илъэсипщ ипэкIэ Китайм щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщыхъыха адыгэ пелуан. **23**. Еджакlуэ ныбжьыщIэхэм къуалэбзухэм ... хуащIащ. **24**. Фошыгъу ... Е дыщэ ... **25**. ПшахъуэщI. **26**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **29**. КIыщым щIэт Iэмэпсымэ. **30**. Гъавэ къразхьэлIэжам щыщу тхьэмыщкIэхэм лъагъэ Iыхьэ. **31**. ... пыIэ. **33**. ЩIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщыкI удзыжь, и тхьэмпэ щIагъыр хужьыфэу, тхьэмпэ къэс банэ тету. **34**. Псым ихьыр шхийм ...

Зыгъэхьэзырар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Накъыгъэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **2**. Пэу. **5**. Бухъар. **6**. Жагъын. **8**. Пыпхэ. **10**. Джалэс. **12**. Дэлэл. **14**. Вэгъу. **17**. Бжы. **18**. Тут. **21**. Афэ. **22**. Пыжь. **23**. Анэл. **25**. Къанж. **28**. Мысэ. **29**. Унажэ. **30**. Гъубжэ. **33**. Болэ. **34**. Радэ. **35**. Зил. **37**. Къэп. **38**. Щиху. **40**. КIэн. **41**. Гущэ. **43**. Бжьэхуц. **45**. Тхьэгъуш. **48**. Нащхьэ. **51**. Нэкурэ. **52**. Аргъуей. **53**. Пут.

Къехыу: **1**. Шатэ. **2**. Пщы. **3**. Уэх. **4**. Мащэ. **5**. Бэдж. **7**. Нал. **9**. Пхъэ. **11**. Ленэ. **13**. Лэгъуп. **14**. Бы. **15**. Гъут. **16**. Къарэмырэз. **17**. Банэ. **19**. Танэ. **20**. БжьыхьэкIалэ. **24**. ЛантIэ. **25**. Къэжэр. **26**. Псы. **27**. Гъубж. **31**. ЩIопщ. **32**. Къудан. **36**. Лыгъэ. **37**. Къарэ. **39**. Хугу. **40**. КIэ. **42**. Щыщ. **43**. Бын. **44**. Хуарэ. **46**. Хьэрэ. **47**. Шей. **49**. Альп. **50**. Хьет.

Бзэ, сыту куэд пхузэфIэкIрэ!

ФIэкIрэ? Уи мыщIыхугъэр ныбжьэгъу бощIыф, цIыхухэр зэкъуфогъэувэф, лъэпкъым къару ин хыболъхьэ. Ауэ, махуэ кьэс бзэр къагъэсэбэпу еоауэ, куэдрэ къохъу цIыхум абы хуэфащэ пщIэ хуамыщIу. Хамэбзэм къыхэкIа псалъэ куэдкIэ бзэр якуд. Абы къыдэкIуэу, лъэпкъым и мыпку хъужьэ зэуэрэпщ, уэрэдхэр, тхыльэ Iущхэрщ. Ар псори бзэм и мылъкуц.

ХамэщI щыпсэу цIыхум и дежкIэ сыту гуфIэгъуэшхуэ и анэдэлъхубзэр зэхихыныр! Зы анэбзэ псалъэм и къару илъщ уигъэхъужыну, уи гур къиIэтыну, уи гъащIэр гуфIэгъуэ ищIыну.

Бзэ, сыту куэд пхузэфIэкIрэ! Уи мыщIыхугъэр ныбжьэгъу бощIыф, цIыхухэр зэкъуфогъэувэф, лъэпкъым къару ин хыболъхьэ. Ауэ, махуэ кьэс бзэр къагъэсэбэпу еоауэ, куэдрэ къохъу цIыхум абы хуэфащэ пщIэ хуамыщIу. Хамэбзэм къыхэкIа псалъэ куэдкIэ бзэр якуд. Абы къыдэкIуэу, лъэпкъым и мыпку хъужьэ зиIэ, лIэщIыгъуэр мымащIэ зи ныбжь Iущыгъэхэр. И нэхъыбэм, цIыхум и бзэр игъэльапIэн щыщIидзэр хамэщI щихуэм дежщ.

Уи щIыгум кьытеуэу ар зыубыдахэр хэкум къыщихьэкIэ, япэрауэ, бзэр ягъэкIуэдыным и ужь йохьэ. Сыт щхьэкIэ? Бзэр щымыIэмэ, лъэпкъри щыIэкъым. Нэхъ лъапIэу иIэр трахри, и щIыгум хамэр тепщэ щохъу. Бзэр зыфIэкIуэда лъэпкъымрэ псэншэ, лъапсэншэ цIыхумрэ тIри зыщ. Апхуэдэ цIыхум лъапIэныгъэ иIэкъым, ар зыми епхакъым.

Бзэншэ лъэпкъыр лъабжьэ зимыIэ унэм ещхьщ. Жьыбгъэ кьепщагъ, цIыхуэр зэбгрощащ, унэр зэрызэтелъхьа чырбышыр зэрызэтехужынум хуэдзу.

Анэдэлъхубзэ! Лъэпкъым урипсэщ Уэ! ИГъащIэкIи дунейм утетынущ, лIэщIыгъуэхэм уапхрыкIыу, щIэблэ куэдым уадэпсэунущ, утхъумэху, ди Бзэ дыщэ!

КЪЭБЭРДЕЙ Дисэ.

Леонардо да Винчи

ЩIэщхъу

Жэнэтбзур, хьэмбылу цIыкIу жьэдэлъу, и абгъум бгъэдалъэташ, ауэ и шырхэр исыжтэкъым. ЩIакIуэ щыIэху, бзаджащIэ гуэрхэм ирадгъуэкIат.

Жэнэтбзум, кIийрэ гъыуэ, фIэкIуэда и шырхэм лъыхъуэу щIидзащ. Мэз псор зэльащIысащ, ауэ и тхьэусыхэ щIым-рэ и дежь макъымрэ жэуап лъэпкъ къыкIэлъыкIуакъым.

ЕтIуанэ пщэдджыжьым жэнэтбзу тхьэмыщкIэм пщIащхьэу къыхуэзащ: абы къыжриIэжащ зы мэкъумэшышIэ унагъуэ гуэрым и шырхэр зэрыщIлъэгъуащ.

Жэнэтбзур, гуфIэгъуэм зэщIищтауэ, и каурум къызэрихькIэ къуажэмкIэ лъатэри, пщIащхьэ хьэлэлым жьхуиIа унэм деж къыщыхутащ. Унащхьэм тетIысхьэри зыкъыплъыхьащ, ауэ и шыбгэр къыкIэщIалъэтыну къыщыкIа. МэкъумэшышIэм и хьэмым къелъэтэхри - зы псэ щыдымкъым. И щхьэр къиIэтмэ, щхьэгъубжэ щыбгымкIэ фIэдза гъущI хъарым гу лъитащ; абы и шырхэр гъэру ист. Жэнэтбзум абыхэм я деж зидзащ.

Я анэр щалъагъум, шырхэм зыжьэу тхьэмыщкIафэу бзэрэбзэн щIадзащ, нэхъ псынщIэу гъэрыпIэм къришыжьыну елъэIуэху. Жэнэтбзум, гуэзвэгъуэр телъу, и пэмрэ и лъакъуэхэмкIэ лъащэурэ, хъарым и гъущIычхэр зэпэщIигъэкIуэтыну, къарууэ иIэр ирихьэлIащ. Ауэ абы и гугъуехьыр пщIэншэу къыщIэкIащ. Бзу къарукIэ гъущI хъар быдэм сыт пхуещIэнт? Зэрыпэмылъэщынур къыщыгурыIуэжым, ину къыхэгъыкIри, IулъэтыкIыжащ.

Гуауэм зи щхьэр зэригъэкIэща жэнэтбзум и шыр тхьэмыщкIэхэр гугъу ехьу зэрыс гъущI хъарым деж къигъэзэжащ етIуанэ махуэм. Жэнэтбзур гумащIэу куэдрэ елпъащ и шырхэм, иужькIэ мэжалIэхуэлIэу зи жьэхэр ущIауэ щыхэм щабэ дыдэу удзыпэ цIыкIу зырыз гъуэрыгъуэу хъарым яхуэриIъыкащ.

КъыкIыщам и шырхэм щIхъуь гъащIэ зыхэль удз къахуихьауэ арати, жэнэтбзу шыр цIыкIу псоми зэуэ я лъакъуэ цIыкIуэр яуку-эдиящ...

«УлIэмэ нэхъыфIщ, ущхьэхуимытрэ пщылылIэм гугъу ущехь нэхърэ», - гущIыхьэу ар жиIэри, жэнэтбзу пагэр мэзымкIэ лъэтэжащ.

Зэзыдзэкlар **ХЬЭТУ Пётрщ.**

● Фэ фщIэрэ?

Къуалэбзухэм я цIэхэр

Дубонос кавказский - пэгъуэ
Горлица кольчатая - жыгтхъэрыкъуэ
Джек (вихляй) - кIупхъжэр
Колпица - пэхьэнцэбзу
Конек горный - къуршкъуацэщIэж
Лазаревка - цIыжьдадэщIыху, цIыжьдадэкъащхъуэ
Лысуха - псыджэд, къамылджэд
Могильник - гъаф, къиякъ
Кречетка - тафэджэд
Грач - къуанщIэ
Лебедь-шипун - къуэ
Гриф черный - къуршыбгъэ
Орел-карлик - бгъэжьей

● Гушыlэхэр

БжэмышхитIщ диIэр

Дохутырыр сымаджэм еплъщ, хущхъуэ хуитхри, зэрызрихьэлIэну щIыкIэр жриIащ:

- Махуэ къэс бжэмышхищ из уефэнущ.

Сымаджэр, Iэнкун къэхъуауэ, дохутырым йоупщI:

- НэгъуэщI хущхъуэ схуэптх мыхъуну пIэрэ?

- Ар сыт щхьэкIэ? - къыгурыIуэрэкъым дохутырым.

- Зи щхьэкIэри... Ди унэм бжэмышхитI фIэкIа щIэпхъкъым, - жеIэ сымаджэми, укIытауэ йоплъыхь...

Сэ сыт си лажьэ?

ЩIалэр и гъунэгъум я дежкIэ екIуэкIати, ирихьэлIащ: лIыр пшынэ еуэру щысщ, цIыхубзым пхъэ екъутэ.

- А зи унагъуэрэ, уи фызым пхъэ икъутэу, уэ пшынэ уеуэу щхьэ ущыс?

- Ар пшынэ емыуэфмэ, сэ сыт си лажьэ? - жиIащ лIым.

Дыздэкlуэр дэнкIэ?

ЗэныбжьэгъуитI, машинэ итIысхьэри, я Iэхъу здэщыIэм екъуащ. Гъэгу мыцIыху теувати, зэчэнджэщуэр здрикIуэм, зым жеIэ:

- Мыпхуэдизрэ дымычэнджащэу блэкIхэм деупщIмэ, зэфIэкIакъэ?

- КIуэ, мес, мо лIыжьым еупщI.

- Дадэ, кхъа, мы дыздэкIуэр дэнкIэми къызжеIэ.

- Iахъ, зиунагъуэрэ, ар сыт телъыджэ, фэ фыздэкIуэр сэ сщIэрэ? - жи лIыжьым.

● Испан псалъэжьхэр

Сытым деж псалъэр щыдахэр?

♦Хэхъуэ нэхъыбэ ущиIэм дежь Iуэху нэхъыби къыплъыкъуокI.
♦Пщэдджьыф нэхъыщым къэтэджым ехъулIныгъэр и Iэрылъхьэщ.
♦Фыгъуэм плъыфэ иIэу щытамэ, дуней псор фыщIабзэ хъунт.
♦Псалъэр щыдахэр гум къыщикIым и дежщ.
♦Сыт хуэдэ гуфIэгъэри IэфIу гум кьонэ.
♦ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ щыдахэр щызэгъуэм и дежщ.
♦Бажэр бзаджэ щхьэкIэ, ари къаубыдащ.

● Шхыныгъуэхэр

Шатэкlэ гъэбэкхъа кIэртIофыщIэ

КIэртIоф укъэбзар хъурей пIащIэ цIыкIуурэ яупщIатэ, шыгъу тракIутэ, фIыуэ зэIащIэри, сантиметри 5-6 и IуваГъуэ тебэм ираIтхьэ. Абы цIыкIу-цIыкIуу упщIэта бжьыбгъ цIынэ, шыбжий плъыжь хьэжа тракIутэ, псы щIыIэ тIэкIу тракIэкри, и щхьэр теплъауэ дакъикъи 10-12-кIэ яГъавэ, псыр щIэващIэху. ИтIанэ шатэ щIакIэри, мафIэ цIыкIу дыдэм тету дакъикъи 8-10-кIэ и щхьэр теплъауэ яГъэбжьэ. Хьэзыр мэхъу щыжаIэм, шыбжий сыр хьэжа трагъэщащ, джэдгын цIынэ къудамэ зыщыплI тралъхьэжри, тебащхьэр теплъауэ дакъикъи 3-4-кIэ щагъэтщ, мэ дахэ къыхихын щхьэкIэ. КIэртIофыр зэхэпIытIауэ щытын хуейкъым. Iэнэм щытрагъэувэкIэ, джэдгын къудамэхэр къытрахыж. Ар пщтыру яшх, пIастэ, чыржын, мэжаджэ е щIакхъуэ и гъусэу.

Хальхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
КIэртIофыщIэ укъэбзауэ - грамм 275-рэ,
псы щIыIэу - грамм 50,
шатэу - грамми 100,
бжьын цIынэу - грамм 20,
джэдгын къудамэу - 3-4,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Нащэ зэхэупщIэта

Нащэ нэхъ щхъуантIэхэр къыхахри, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, я фэхэр Iувмэ - яукъэбз. Бзыгъэ кIыхьу е хъурейуэ, IпащIэу яупщIатэ, тепщэчым иралъхьэ, шыгъу траудэ, цIыкIу дыдэу упщIэта бжьныкуэ тракIутэ, шыбжий сыр трагъэщащэ, шатэ тракIэри, нащэ упщIэта аргуэру тралъхьэ. Апхуэдэурэ сатыриц-плIы зэтралъхьэри, шатэ тракIэ, къуэнтхъурей, бжьын цIынэ упщIэта тракIутэжри, Iэнэм трагъэувэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

Хальхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):
Нащэу - грамм 500,
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 30,
шатэу - грамм 250-рэ,
бжьын цIынэу - грамм 30,
къуэну - грамм 15,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьакIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иягъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Iуэхуцlапlэхэм ядэлэжьэныбжьмкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьакIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Заирэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Нэужькъуэ Заирэ***(3, 5, 6-нэ нап.), Компьютеркlэ газетым и телъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 1.901 ● Заказ №549